KITAB
WEDHA MANTRA

Ngemong chiasing ngèlmu kasektén gaib sarta ngelmu-ngelmu kang kagem Kangjeng Sunan Kalijaga, kawuwuhan piwulang bab mantra sarta wejangan warna-warna

221 WEJANGAN

DENING SANG INDRAJATI

PURWAKA

Nalika jaman panjenengané parawali saraséhan nglaras bab anané kaprawiran sarta jaya-kawijayan, kaprawiran mau kadadéan saka telung prakara, yaiku :

a) **Mèl utawa mantra;**
b) **Laku;**
c) **Patrap.**

a) **Mantra**, Sakèhing mantra kang asalé saka basa Jawa supaya disalini basa Arab kabeh, mangkono pamanggihing panjeriengané para Wali, nanging Kangjeng Sunan Kalijaga ora rujuk, jalaran ora sathithik cacahing kaprawiran kang mantrané saka sasmitaning gaib (dhawuhing Pangéran) malah ana uga mantra kang kaseselan nylenèh ora ngre èkaké, mula saupama disalini, dikuwatiraké yèn suda sawabé, luwih manèh yèn nanggori tembung kang nylenèh banjur kapriyé, putusané mung sabisa-bisa disalini basa Arab, nanging kang ora bisa aja dipeksa
b) **Laku**, Sakèhing ngelmu dumadiné saka laku, nanging yèn laku mau nganti 40 dina lawasé, upamané ngebleng 40 dina, sanadyan kuwata mesthi bakal ngèthèraké kuwajibané agama, yaiku: Sembahyang Pamanggihé Kangjeng Sunan Kalijaga laku 40 dina mau cukup dilakoni 3 dina baé, nanging kudu milih dina 3 kang neptu 40 (mirsanana bab mantra no 4).
c) **Patrap**, Sakèhing patrap lan sirikané ora prelu diowahi manèh, jalaran wis kawengku déning caranè dhéwé-dhéwé kang mengku karep, cocog karo ancasé kang dikarepaké.

Awit saka pamanggihing panjenenganè para Wali lan usulé Kangjeng Sunan Kalijaga mau, mula sakèhing mantra meh kabèh nganggo basa Arab, mung kari siji loro kang isih nganggo basa Jawa, jalaran sabab kaya kang kasebut ing dhuwur mau, sarta saking akèhé, dadi ana kang durung disalini. Déné mungguh dayané padha baé.

Wasana kang kapareng migatèkaké layang iki, anggeré karsa nglakoni temen-temen mesthi ora bakal mlèsèt, paribasané : “Sing sapa temen, mesthi bakal tinemu”. Bisané

kelakon kaya mangkono mau linambaran : kayakinan lan piyandel, jalaran uriping mantra saka jiwa, dadi yèn dinalar saka pakartining pikiran tamtu cupet, awit wus dumunung ing sadhuwuré, malah nggepok marang kasuksman.

KATERANGAN SAWATAWIS

PATIGENI : Tegesipun boten mirsa latu, sarta boten dhahar lan boten ngunjuk;

PUWASA : Boten dhahar sarta boten ngunjuk kajawi manawi luwé sanget, sarta ngelak;

NGLOWONG : Kénging mirsa padhanging hawa, nanging boten kénging dhahar sarta boten kinging ngunjuk;

NGEBLENG : Boten kénging mirsa padhahging hawa, saha boten kénging dhahar sarta boten kénging ngunjuk;

MENDHEM : Boten kènging dhahar lan ngunjuk sarta kedah manggèn ing nglebet siti sarana dipun luwangi;

MUTIH : Ingkang kadhahar namung sekul pethak lan pangunjukanipun toya tawa;

NGEPEL : Tegesipun ingkang kadhahar sarana kakepel;

NGROWOT : Ingkang kadhahar bangsaning krowodan, boten kènging dhahar sekul lan ulam;

PADONING BEBED : Péranganipun sinjang ing pucuk dhawah nglebet.

Wewarah semadi

Ngempakaké mél utawa mantra iku. lakuné kaya déné semadi, mungguh lakuné semadi mau : eneng lan ening, ing kono banjur ana, tegesé : apa kang kinarepaké ana, apa kang sinedya teka, déné bisané tumeka apa kang disedyakaké mau, kudu madhep sarta yèn ngemélaké mantra ora kliru, tetep terus sajroning atiné, bisané kaya mangkono mau, yèn ora mangro tingal; pinangkané saka eneng-ening kasebut dhuwur.

Wahananing dina

Yèn arep nglakoni riyalat, miliha dina kang becik wahanané, katerangané kaya ing ngisor iki :

Jumuah	: ngibarat Déwa, wateké becik.
Sabtu	: ngibarat Sato, wateké ala.
Akad	: ngibarat Janma, wateké sedheng.
Senén	: ngibarat Pandhita, wateké becik.
Slasa	: ngibarat Kala, wateké ala.
Rebo	: ngibarat Sadana, wateké sedheng.
Kemis	: ngibarat Pujangga, wateké becik.

Adus tobat

Yèn arep nampani wejangan utawa arep nglakoni, kudu adus tobat yaitu kramas, tegesé awaké diresiki, nanging iki lagi resik ing lair, déné supaya resik tekan batiné, kudu nganggo mantra kaya ing ngisor iki :

"Nawetu ghuslal minhu taobati kokoiri lillahi ta'ala."

(Tanpa laku, yèn arep prelu adus, mangkono baé diwaca sapisan).

Supaya betah melék sarta betah luwé

Mateka mantra :

"Allahuma anta rabbi lailahaillallah anta 'alaihi ya-Allah rabbi l alamin."

(Tanpa laku).

Lakuné wong arep riyalat

Yèn arep riyalat, duwe prelu apa baé, supaya katekan apa kang dikarepaké, mangkono uga yèn kaprawiran supaya bisa ru'yah, kudu nganggo disranani dhisik, sarana mau saupama wong manah, minangka gendhewané iki mantrané :

"Ana rasa mangan cahya, ana cahya mangan rasa, rasa rasaning Allah, cahya cahyaning Allah, manusa sadarma nglakoni pakoning Allah."

(Lakuné mutih pitung dina pitung bengi, pati geni sadina sawengi, sarampungé banjur slametan sakuwasané).

Dina telu neptu patang-puluh

Sakéhing mantra mèh kabèh nganggo laku, ana kang sadina sawengi, ana kang telung dina telung bengi, ana kang pitung dina pitung bengi, ana kang patang-puluh dina lan ana kang setaun. Réhning kang patang-puluh dina sarta setaun mau abot banget; mulané betuwahé Kangjeng Sunan Kalijaga, banjur diringkes, tegesé nglakoni telung dina padha karo patang-puluh dina, kudu milih dina, yaitu dina :

1. Kemis Wagé, Jumuah Kliwon, Septu Legi.
2. Jumuah Paing, Saptu Pon, Akad Wagé.
3. Saptu Kliwon, Akad Legi, Senén Paing.
4. Slasa Kliwon, Rebo Legi, Kemis Paing.
5. Rebo Pon, Kemis Wagé, Jumuah Kliwon.

Dina warna limang larik mau kena dipilih salah siji, nglakoni telung dina padha karo patang-puluh dina, yèn nglakoni setaun kena diringkes nglakoni telung dina ping nem, nanging dina : Kemis Wagé lan Jumuah Kliwon rangkep, dadi nglakoni patang dina (wiwit Rebo Pon tekan Saptu Legi) padhané nglakoni wolung-puluh dina.

Supaya katekan apa kang sinedya, arané donga Adam

ing ngisor iki mantrané :

"Allahuma rokh Bagéndha Adam, rokh Bagéndha Kawa, aja sira takon, Bagéndha Kawa wus ana ing ngarepku, Ingsun saking Allah, madhep tetep idhep arep saujarku, nurut saparanku, manut sakarepku, laila hailallah Mukhammad-Rasulullah."

(Tanpa laku).

Yèn arep saresmi karo garwa, dayané yèn paputra dadi mulya

Mateka mantra :

"Banyu Sukci pitung prakara, sadurungé tumétés, manggon anéng dhangkéling riknaningsun, nuli ingsun tétésaké saka pucuking braja, manggon ana cupu kang ana tengah dadi rasa mulya, tumiba dadi manusa kang mulya."

(Lakuné : atiné kudu ening, mandeng nétrané kiwa kang garwa).

Adusé sabubaré kumpul karo garwa

Dayané suci batiné, mujia mantra :

"Nawétu ghuslal khadasil akbar, pardhan lillahi ta'ala."

(Tanpa laku, yen arep adus ngamalaké mantra mau).

Yèn arep saresmi karo wanita supaya aja bisa pisah

"Allah mlebu, Mukhammad metu, wahananing Rasul mlebu, aja pisah yen ora saka karepku."

(Tanpa laku, enggoné matrapaké yèn krasa arep miyos macaa, embun-embuné wanita kapijeta banjur matek mantra ing dhuwur mau).

Donga Kunut

Lamun ana wong ora salah lakuné ing tembé buri kena prakara gedhé utawa cilik, ujaré wong kang linuwih kawruhé mangkéné : Luwih becik wong iki gawé slametan supaya bisa kalis ing prakara. Kaya mangkéné pratikelé : iya iku goléka iwak lele 5 iji, nuli cangkemé dijait wutuh-wutuhan, nalika njait nyebut mangkéné :

"Aku ora njait cangkemé iwak iki, nanging njait wong kang ngalani maring aku."

Null iwak iku dibakar kadokok ing takir, uga nganggo sega lan kuluban janganan, ora nganggo uyah (anyepan), nuli didongani donga Kunut :

"Allahuma dina fiman hadaéta wa fina fiman afaéta watawallana fiman tawailaéta

wabariklana fima atoéta wa fina birakhmatka saramakmodaéta fainnaka latakdi wala jukda alaéka layadillu man walaéta wala yoisu man hadaéta tabarakta rabbana wata alaéta wanas takfiruka wa atubu ilaika hirakhmatika ya-arkhama rakhimin."

Supaya ora ketaman braja

Mujia mantra :

"Suh lawan agélang, dzat les, angles sajagad kabèh, dzat ret, tampanana, urip geng, ening dzat, ngérang, hu iya ingsun lanang, gumantung tanpa enggon, hu, iya ingsun gumilang tanpa salira, hu, iya ingsun licin, hu ingsun sajatiné suksma tan ana."

(Lakuné mutih pitung dina pitung bengi, pati geni sadina sawengi).

Panglimunan akhadiyat

Dayané yèn ana sangarepé mungsuh utawa satruné rumangsané katon wong liya, iku mantrané :

"Sang mulya langgeng, urip dzat sampurna aku, hu Allah."

(Lakuné ngebleng telung dina telung bengi, nganggo disajéni jajan pasar sapepaké, jenang baro-baro, jenang katul, jenang warna papat (abang, putih, ireng, kuning), kembang setaman, kembang gantal, karo menyan).

Kateguhan martabat wahdat

Ing ngisor iki mantrané :

"Ingsun Sang luwih mulya, putih sirna, ha aku, hu Allah, ya ingsun asal martabat wahdat."

(Lakuné ngebleng telung dina telung bengi, nganggo disajeni jajan pasar sapirantiné, jenang baro-baro, jenang katul, jenang warna papat (abang, putih, ireng, kuning), kembang setaman, kembang gantal, karo menyan).

Dayaning martabat wakhidiyat

Dayané teguh luput saka tulah sarik, tuju tenung, sarta panggodha utawa panggawéning

jin syétan, iki mantrané :

"Sang luwih mulya pangluputku, Hu Allah, aja ngrasa yèn badan loro, nyiptaa yèn badan tunggal. Badan lan nyawa tunggal, dzat sipat, rasa gumilang, meneng nglimputi ing jasad kabèh, nunggala kun dzat sipat aja loro hu dzat, dzat tullah sipat tullah apngal lullah, asma Allah teguh langgeng tan kena owah gingsir, ingsun winadhahan marik samrica binubut gedhéné, kinunci wesi pulasani ginedhong wesi kuning, teguh tan kena winengrang, tuk tek, lemer, tan ana karasa.

Sir-Allah, dzat-Allah, iya ingsun ngancik sajroning Allah, lailahailallah Mukhammad ya Rasulullah."

(Lakuné ngebleng telung dina telung bengi, nganggo sajen jajan pasar sapirantiné, jenang baro-baro, jenang katul, jenang warna papat (abang, ireng, kuning, putih), kembang setaman nganggo menyan).

Nyingkiraké wong kesurupan

Ing ngisor iki mantrané:

"Bardanas, burdikas, maca Sulaiman, bardanas waa'udubillahiminasyaitanirajim, lailahailallah Mukhammad-Rasulullah."

Tanpa laku, yèn ana bayi mecicil, digawékna pupuk : suruh temurosé lumah kurep diadoni adas pula waras dimantrani kaya ing dhuwur).

Pléngkétan

Kanggo panulaking durjana, dadi kamidelepen ora weruh dalan. Iki mantrané :

"Kang maket, Sang sabda mangkeret, kang lenyeng, Sang sabda leyeng, ket mangkeret, kena sasikuning Allah, purba wisésaning Allah."

(Lakuné mangan ketan yèn bengi, sarta manganė mau sadina sawengi sapisan, nganti 7 dina lawasé, saben bengi diwaca).

Mbubaraké prakara

Ing ngisor iki mantrané :

"Bismillahir-rakhmanirr-rakhim, Allahuma Inna An-saluka, ana Déwa tanpa sastra, bah

wurung uculna tetalining wurung, wudhar wurung, wudhar wurung, saking karsaning Allah, lailahailallah Mukhammad-Rasulullah."

(Lakuné mantra mau diwaca ping pitulikur ana jaba).

Panulaking sesiku

Wewaton agama lan kawruh kasuksman.

Yèn mbuwang sesuker (ténja, uyuh, lan idu) ana ing papan endi, aja nganti sesuker mau ngenani menyang ayang-ayangané dhéwé.

Gosok rasa

Sarana suruh dipipis gedhéné sakepel karo lenga wijén, banyu rasa saséndhok teh dicampur, banjur digosokaké ing awak sakojur nganti garing, dayané nguwataké awak, iki mantrané diwaca ping pitu :

"Rasa mangan cahya, cahya mangan rasa, rasa mangan cahya, cahya mangan rasa, urip tan kendhing owah, mapan saking kodrating Allah."

(Lakuné ngebleng sadina sawengi).

Donga Ayat Al-Kursi

Ayat kursi iki donga kang agung paédahé luwih akéh khasiyaté. Sapa wong kang maca ayat iki, mangka wong iku ora diganggu utawa digudha déning syetan lan sapa-sapa wong kang maca ayat Kursi nalikané arep lelungan, mangka wong iku ana ing dalan penaringan slamet. Uga diwaca kaping lelu ana ngomah saben arep turu saben bengi; ing kono bangsa lelembut. ora ana kang wani nganggu, lamun ana bocah sering nangis ana sajroning omah, saben bengi diwacakaké ayat iki kaping telu, nuli bocahé didamu lan sapa manéh kang nduweni kaperluan kang wigati. mangka nuli diwaca ayat iki ambal kaping 310 (telung atus sepuluh), diwaca ing wayah bengi jam 12, saben malem Jumuah, nganti tutug pitung dina, nuli nyuwun maring Pangéran, khajaté (karepé) bisa katekan.

"Bismillahir-rakhmanir-rakhim, Allahu lailaha illa huwal khayul kayum, latak khudhuhu sinatun, wa laanaomun lahu mafisamawati wa-ma fil-ardhieman dhal ladhie yas fa'u 'inda'hu illa bi'idnihi yaklamuma baéna 'aedhiehim wa-ma kholva-hum wala yukhituna

bisyaiin min 'ilmihi illa bima sya'a wa sia kursiyuhus samawati wal ardho wa la yaudhuhu khibdhu huma wa huwal aliyul adhiem."

Panyuwunan supaya gangsar oléhé golék sandhang lan pangan

"Bismilahir-rakhmanir-rakhim, uruping dzattullah, metu murub, Allah mobah jroning ambegan. Allah mosik jroning ati, ya rasa, ya Rasul, ya rasaning Pangéran. Gusti Allah ingkang kuwasa, ingkang murba sajati, kawula nyuwun énget, nyuwun slamet, nyuwun ngapura, nyuwun gampang anggén-kawula pados sandhang tedha, sarinané, sawenginé, salawasé, sajég kawula gesang, samarga margané pinaringan gampang, gampang sarining gampang, saking karsaning Allah,"

(Lakuné kutug wayah tengah wengi, patrapé madhep mangétan, tandhaning katarima, yèn sawisé patrap banjur turu krasa katindhihen, iku banjur katerusna, ing kono bakal ana wahanané).

Mantrané golék sandhang pangan

"Bapa Adam, ibu Kawa, kula nyuwun sandhang, nyuwun tedha, sarinané, sawenginé, salawasé, sajeg kula gesang, samarga-margané pinaringan gampang, gampang sarining gampang, gampang saking karsaning Allah, ya-hu Allah, ya-hu Allah, ya-hu Allah."

(Lakuné melék sadina sawengi, patrapé madhep mangulon, wayah jam 2 bengi).

Mantrané mlaku-mlaku enak

"Bismillahir-rakhmanir-rakhim, Sang Bagéndha Mrepat sucékna bumiku, ginawé lelaku, rasa, sukci, idayatullah Allahu akbar, Allahu akbar, Allahu akbar."

(Lakuné : apa sasedyané kaèsthia, banjur mlaku kanthi mbisu, sadurungé mlaku njejak lemah ping 3).

Mantrané supaya gangsar anggoné golék sandhang pangan sarta diluluti wong

"Bismillah, niyatingsun adus cahya, ingsun ngirup cahyané wong sabuwana, ya aku titisé

déwi Sri, kang kanggonan kaélokané Pangéran, ingsun kang nggadhuh, sallahu 'alaihi wassalam."

lakuné nganggo adus kembang setaman, sadurungé kembangé setaman kasajekaké ing paturon sawengi, banjur esuké kaeworaké banyu kang kanggo adus.

Mantrané kutug tengah wengi

"Bismillahir-rakhmanir-rakhim, menyanku rokhé iman kukusing jati wasésa, kagéting pratiwi, terusing suwarga, menyang panggonané malaékat papat, aku suwunna ……"

Apa kang kasedya, banjur kawedharna. Mriksanana no. 162.

Mantrané nglakoni adus wayah bengi

Sawengi rambah kaping 3, utawa kaping 7, patrapé sabubaré adus, ngadeg madhep mangulon, kanthi ngapalaké mantra iki :

"Salallah ala'hi wassalam, niyat-ingsun ngedusi sadulur-ingsun papat, kalima pancer, kanem rasul.

Allahu wamalkah, dus nur cahyaning rasa, dus nur cahyaning Allah, niyat maha luhur, kula nyuwun sandhang, Gusti Allah hyang maha purha, kula nyuwun tedha, Gusti Allah hyang maha sukci, kula nyuwun bagas, Gusti Allah hyang maha luhur, kula nyuwun saras, Gusti Allah hyang maha purba, kula nyuwun slamet, Gusti Allah hyang maha sukci, kula nyuwun sugih, Gusti Allah hyang maha luhur, kula nyuwun sunggih, Gusti Allah hyang maha purha, kulanymvun luwih."

Mantrané manawa nyuwun munggah pangkat utawa mundhak bayaré, sarta njaga kaslametané panggawéan

"Bismillah, Suksma uker adi luwih, Suksma uker adi luwih, wetokna suksma emban nyawa, Gusti kang maha agung, nyuwun agung, Gusti kang maha mulya, nyuwun mulyo, Gusti kang maha luwih, nyuwun luwih, Gusti kang maha luhur, nyuwun luhur, luhur saking karsaning Allah."

"Jabarail, Mikail, 'Irapil, 'Ijrail, jaganen lawang ingsun, salallahu lintang angembar, dadi kalpikané jagad, mengku isiné buwana kabèh.

Mantrané supaya kasembadan karepé

"Bismillah, ingsun kang amulyu, jumeneng ratu suksmia wasésa, lintang angembara, dadi kalpikané jagad, mengku isinébuwana kabèh, saking karsaning Allah, ya hu Allah."

(Lakuné: ing wayah salebaré bedhug bengi, diwaca ana ing latar).

Mantrané yèn kena prakara, nyuwun supaya slamet

"Bismillahi-rakhmanir-rakhim, dhuh malaékatku ratuné bilahi, mugi kale bur manahipun si ……………… Druhaka ing kula, Allahu akbar."

(Déné manawa wus tumekané pradata ngucapa "min kukum" sarta nganggo srana nyekel ketan saglintir).

Mantrané panyuwunan

Patrapi ngadeg ana pojok omah, wayah sabubaré jam 2 bengi.

"Ibu bumi, bapa toya, ibu wengi, bapa rina, kakangku mbarep, adhiku wuragil, dina pitu pasaran lima, kula nyuwun pangapura, kula nyuwun ………………" (apa sedyané kawedharna).

Mantrané manawa ngarah sih

Sarana patrap turon, ngliyepaké mripat, manawa wong kang diesir wis katon maujud ana mripat, mripat banjur kaeremna rapet, mangkono iku mratandhani manawa pangarahé kasembadan, insya Allah wong mau banjur teka dhéwé. Iki mantrané :

"Ibu mlebu Allah metu, sumurupa marang guwagarbané ……………… manut mituruta apa saciptaku, manut miturut apa sasedyaku, manut mituruta apa sakarepku, mania mituruta apa sakandhaku, teka kidhèp, teka welas, teka asih, asih marang badan sariraku."

(Lakuné kakanthénana sesirik sakuwasané).

Mantrané pangasihan

Lakuné mutih 4 dina 4 bengi.

"Siya-siya waliya, sihé gustiku dak tepungaké pucuké idepku, dak tepungaké pucuké alisku, dak tepungaké pucuké rambutku, rokhé rokhku, nyawani nyawaku, badané badanku,

preg mati, durung mati, sida édan, durung édan, sida nglamong, ora waras si jabang bayiné …………….. yèn ora aku sing nambani, teka welas teka asih si jabang bayiné …………….. ndulu aku."

Mantrané pangasihan

Lakuné mutih 7 dina 7 bengi

"Ajiku si lung jangga, lung jangga nolèha, tolèhén kawulaningsun, dak-tepungaké pucuké idhepku, dak-tepungaké pucuké alisku, dak-tepungaké pucuké rambutku, rokhé rokhku, nyawané nyawaku, suksmané suksmaku, badané badanku, preg mati, durung mati, sida édan, durung édan, sida nglamong, ora waras si jabang bayiné …………….. ndulu maring aku."

Mantrané pangasihan kanggo suwita

Supaya dikasihi pangedhéné lakuné mutih 4 dina, pati geni sadina sawengi :

"Aku si wedana, wedana kowé dak kongkon, jupukha atiné si jabang bayi worna karo atiku rokhé rokhku, nyawané nyawaku, suksmané suksmaku, badané badanku, preg mati, durung mati, sida édan, durung édan, sida nglamong, ora waras si jabang bayi yèn ora aku sing nambani, teka welas teka asih, si Jabang bayi …………….. ndulu maring aku." (sarana agèsthia wujudé kang dituju).

Mantrané supaya dikasihi priyayi gedhé utawa panggedhéné

Patrapé aggoné ngapalaké wayah tengah wengi madhep mangulon.

"Bismillah, ingsun kang jumeneng ratu sesotya kang tinuwih, ules wulan angembara, anerus pitung bumi, pitung langit, amadhangi jagad iki kabèh, saking karsaning Allah."

Mantrané supaya diasihi sapadhané ngaurip

Lakuné nyirik sega 3 dina 3 bengj.

"Assalamu'ala'kum, dhadhaku Nabi Adam, swaraku Nabi Dawud, rupaku Nabi Yusup, badanku Nabi Mukhammad, lailahaillallah, sapa ndulu Sapa ndeleng, teka welas teka asih

marang aku, ingsun matek aji asmara wulan, surya mantep, jalma asih, kama tutut, jabang bayiné si …………….. welas asiha, wedia karo jabang bayiku, saking karsaning Allah.”

Mantrané supaya ditresnani panggedhé sarana kutug

(Kebulé kasebulna nganggo bumbung wungwang, kapenerna omahé kang sinedya, anggoné ngecakaké wayah sore bubar magrib).

“Pandeng pandeleng, pandududing rasa, rasani si …………….. nunggal rasaku, rokhé si …………….. nunggal rokhku, ya aku kang mengkori urip iki kabèh, sineksènan Mukhammad-Rasul."

Mantrané nyuwuk lara wadon utawa turas saenggon-enggon

Lakuné nyirik sega 7 dina 7 bengi, Iki mantrané :

“Kiju turua, tawa tangia, gringsing suminggaha.”

(Iki uga perlu, manawa arep saresmi karapalna, puwara kanggo nulak lelara kang dumunung ana siji lan sijiné).

Mantrané kanggo nyuwuk bocah

Nyuwuk sadhéngah lara tatu, wong dicakot ula, kena geni, lakuné nyirik sega 3 dina 3 bengi.

“Ya rokhku, ya rokhé Pangéran, aku njaluk banyu sundhul ing ngawiyat, dak-enggo nambani larané ……………..”

(Sawisé ngapalaké, njupuka idu kang kither-kither ana ing telak, banjur kalèlètna panggonan kang lara, utawa ilaté kena ditekuk ing telak, banjur kaidokna panggonan kang lara, rambah kaping telu, nanging tumrap nyuwuk bocah, sawisé ngapalaké banjur kasebulaké embun-embuné bocah).

Mantrané nyuwuk lara untu

Sarana nganggo banyu ing gelas, nganggo ngobong dupa, sawisé ngapalaké, banjur kadamokna ing banyu gelas, rambah kaping telu, lakuné nyirik iwak 3 dina 3 bengi.

"Kyai Sakawang, aja suwé-suwé anggonmu ana kini panggonané si .... endang lungaa, aja bali. Allahu akbar, Allahu akbar, Allahu akbar."

Mantrané wong kang kena sadhéngah wisa

Saranané sawisé ngapalaké, banjur ing ngendi kang kena wisa mau, kaidonan kaping telu.

"Upas bruwang, bahu lèngèk, tuju tenung, abar anglung, cekèk, glegi, teka si-Jakatawa, nglungakaké sakéhé guna bisa sing ala, tawa tawi nir tawar saking karsaning Allah, adhem asrep katiban iduku putih."

Mantrané manawa nyuwuk lara ngelu

"Ingsun lenggah ana sadhuwuré dimak, angendhak larané ngelu si .... sirna saka kuwasaning Allah, Allahu akbar, Allahu akbar, Allahu akbar."

(Sawisé kesebulna embun-embunané, (lakuné melèk sadina sawengi).

Mantrané manawa nyuwuk lara untu

"Fil Allah fil sajikum." (karapalaké rambah kaping 3).

Lakuné sarana ngobong watu, kadamokna ing banyu gelas, sawisé banyuné kanggo kemu kang lara.

Mantrané nyuwuk lara panas

Sawisé karapalaké banjur kadamokna ing banyu gelas, banyuné banjur kaombé kang lara 3 cegukan, turahané kaepyok-epyokna ihg embun-embunan.

"Sir-Allah, Rasulullah, jupukna banyu ing awang-awang, dak-enggo nambani larané si .... mari saka kuwasané Allah, Allahu akbar, Allahu akbar, Allahu akbar."

Mantrané saresmi

Kang bisa gawé suh brasihaning mungsuh, puwara bisa gawé lamlaming, ati.

Mantra iki enggoné ngecakaké sajroning sang guwa-wijaya kapusthi.

“Aé rakhmu, aé rakhku, aé rasamu, aé rasaku, rasamu kalah karo rasaku," (banjur nyerota napasé mungsuh adu irung).

Donga pambukaning rasa kanikmatané wanita

“Bismillahir-rakhmani-rakhim, juzina linasi khubusyahwati minalnisa'i walbanina walkana tiril mukhantaratie minaldahabi walvidoti lailahaillallah Mukhammad-Rasulullah.”

Supaya kuwat ing patrap asung kanikmataning wanita

“Bismillahi-rakhmani-rakhim, wadhakarosma robbihi solla.”

Mantrané manawa sedya dawa umuré

Saben arep turu karapalna.

“Panjang umur mami, tetepna ing agama, naggahi iro dursinem tulungen donya kang agung, slametna anèng donya.”

Mantrané manawa bakal kebat utawa rikat mlaku

Lakuné mung mangan kuluban thok 7 dina, sawisé pati geni sadina sawengi (sepi-angin).

“Bismiliahi-rakhmani-rakhim, sun matek ajiku barat, sun gawé nglumpati wiyat, amba arun, nanging tan krasa si jali, ya aku tètèsé bapa rokh'ilafi, ya rakhman, ya rakhim.”

Mantrané aji Bandung-bandawasa (karosan)

Lakuné nglowong ana ing banyu 3 dina 3 bengi. Iki mantrané :

“Bismillahi-rakhmani-rakhim, sun matek ajiku si-Bandung-banda-wasa, pakuning wesi, tutur jati, padu pana, aku lana, kulitku tembaga, ototku kawat, balungku wesi, dhengkulku paron, rup sirup tan ana tumama, dagingku kawat padha samengko, ya aku Bandung-bandawasa.”

Mantrané aji teguh bisa ngilang

Lakuné nglowong kanthi kemulan lawon (mori) lawasé sakuwaté.

"Bismillahi-rakhmani-rakhim, sun matek ajiku si-wéwé putih, wéwé putih gendhongén aku angin sepen ging kombang, cat tan ana katon, cat tan ana katingal, cat ora katon pisan, iya aku siwéwé putih, Bismillah sun dzat putih, wong sèket ora idhep, wong sèwu ora ana weruh cangkir gedhah kencana."

Mantrané manawa dialani ing wong

Upama : katuju (tenung) sapanunggalané, supaya slamet.

"Allahuma, seregara-gara, nglemparaa, sing duwé karep ala maring aku, nglemparaa tanpa dadi, nglemparaa saking karsaning Allah."

Mantrané utawa rapal Adam

Kanggo yèn nglakoni dadi utusané Paréntah menyang saparan-paran.

"Awang-awang, uwung-uwung, sapa sing ana, sibapa karo sibiyung, sibapa nibakaké nur putih, tiba swarganing sibiyung dadi sesasi maningkem, rong sasi abang biru, telung sasi yuwani, patang sasi yuwana, limang sasi kang mustafa, nem sasi pati rahsa, pitung sasi rupa sadulurku tuwa, sangang sasi Allah Mukhammad-Rasul, Allahu akbar."

Mantrané yèn arep turu, sarta tangi tutu

"Kun-payakun, wewayangané dzat Allah kinemulan suksma pinayungan déning Allah, lailahailallah Mukhammad-Rasulullah."

Mantrané manawa mlebu menyang kuburan

"Bismillahi-rakhmani-rakhim, Assalamu'alaikum wong kubur, alaikum salam wong donya, biyèn ana ngembanané ratu, biyèn éling, saiki lali, élinga. menyang awakku, dadia teguh rahayu slamet, salallahu'alaihi wassalam."

Mantrané manawa negor wit-witan kang angker sarta mbubrah

barang kang wingjt

"Allahuma watu telu watitu, Allahuma watu telu watitu, watu telu watitu, watu telu watitu."

(Lakuné nyirik sega 3 dina).

Mantrané yèn tilik menyang kuburé biyungé

Sarana nggawa santen diwenehi gula, sawisé ngapalaké mantra, santen kaesurna sadhuwuré kuburan.

"Bismillahir-rakhmani-rakhim, tuk jaya mulya, dinaranan banyu gaib, kininuma Mokhammad, sirnaning dzat."

Sawisé ngebuka lemah kaping telu, kanthi njawab, bu (sapa kang dikirim) aku nyaur utangku.

Mantrané yèn tilik menyang kuburé bapa kanthi kutug

"Urubing menyan amor nabi suksma, Endra luhur, rajah kepala, gebyar lelima, wong tuwaku kang suwarga pinayungan puji kalawan dhikir, bathara Brahma, bathara Surya, bathara Endra, bapa kula ………………."

Mantrané mbungkem asu, ula lan sapanunggalané

"Kem maningkem, suksma raga padha mingkem saking karsaninq Allah."

Mantra panawar wisa

"Jabarali nurunaken tawa, Nabi Mukhammad kang anawa, tawa saking karsaning Allah."

Ngaberaké wisa ula, klabang, kalajengking, winaca ing banyu banjur kaombèkaké utawa katètèsaké, iki mantrané :

"Allahuma ya arkhamu syahara-khim rakhimun."

Mantrané nulak utawa mbalèkake durjana sarta sadhéngah kang

nedya mala (kang sedya gawé ala).

"Salallahu 'alaihi wassalam, dhanyang prayangan kang rumeksa ing pakarangan kéné, aku nyuwun tulung, manawa ana durjana sarta wong kang sedya ngalani kabèh padha balèkna, gawinén bingung ora weruh dalan."

Mantrané manawa murungaké wong kang sumedya ngalani

Lakuné melék sadina sawengi.

"Allahuma, nawétu, bibi ura, sadat ura, jabang-bayiné si .... ura, ura saking karsaning Allah."

Mantrané rumeksa balé omah

Supaya ora klebonan durjana sapanunggalané. Lakuné melèk sadina sawengi.

"Dhanyang prayangan, kang rumeksa èrep kéné, gedhé cilik, nom tuwa, sajroning wangon, sajabaning wangon, ingsun njaluk tulung, sira kabèh padha rumeksaa ana ing omahku, manawa ana kang sumedya ala padha sira balèkna."

(Iki kena njaluk sakarepé, upama njaluk supaya durjanané bingung, utawa ora bisa lunga). Lakuné melèk sadina sawengi).

Mantrané manawa adus Nyucékaké badan jasmani sarta rokhani.

"Bismillahir-rakhmani-rakhim, niyatingsun ngedusi saduluringsun papat, lima pancer, kanem bumi, kapitu Rasul, Allahu Damalkah, niyatingsun ngedusi badan jasmani, resik jaba sukci jero, Allahuakbar, Allahuakbar, Allahuakbar."

Mantrané manawa nglerepaké wong nepsu

"Linta-lintu ora rambut ora untu, ora mangan ora turu, ora laliya barkahira, hu Allah."

(Lakuné pasa sadina sawengi).

Mantrané supaya mudhak karosané

"Lembagaku ya ing pundhakku, sira tangia, cacing putih ing ula-ulaku, sira tangia, sang

puter putih ing jejengkuku, sira tangia, sang jati putih ing dlamakanku, sira tangia, aku kuwasa prakosa, sinung panguwasané déning Allah, laila hailallah Mukhammad-Rasulullah."

Donga ayat pitu

Iki donga ayat pitu. Sapa-sapa wong kang maca ayat pitu, saben arep turu utawa arep lelungan utawa arep katemu karo wong luhur, insya Allah bisa katrima apa kang dadi karepé. Diwaca kaping sapisan saben arep nglakoni apa kang dikarepaké utawa ana pakewuh, kang gedhé.

Iki dongané :

"Bismillahir-rakhmani-rakhim, Kullayusibana illa maakat taba'llahu lana huwa maulana wa'allalohi ful fatawakkalil mu'minun wainyam saska'llahu bidhorrinfalaa kasyifalahu wailla huwa wa in yurika bikhoérin falaa rooddhdha lifadlihi yusibu man yasa'u min ibaadhihi wa huwal ghafurur rokhim. Wamaa min dhaab-batin fil ardie illa ala'llohi rizkuha wayaklamu mustakorroha wa-mustauda'a kullun fie-kitabin mubien. Innie tawakkaltu ala'llohi robbie, warobbukum maa min dhaabbatin illa huwa akhidun binaasi yatiha inna robbie alaa sirotil mustakim. Wa ka'aiyin min dhaabbatin latahmilu, rizkuha allahu yarzukuha waiyaakum wahuwa sami'ul aliem maayattakhillahu min rakhmatin falaamumsikalaha wama yumsiku falla mursila lahu min bakdihi wahuwa azizulkhakim wa lain sa'al tahum man kholakos Samawati wal ardhi layakulunal'llahu kul afaro' actum matadh 'una minnal'llohi in arodhanial 'llahu bidhurin hal hunna kasifatu dhurrihi aoe arodhani birokhmatin hal hunna mumsikatu rokhmatihi kul khasbiyal'lahu 'allaihi fal yattawakkalil mutawakkilun."

Sorogan

Yèn arep pirsa kaananing sadulur utawa warisé kang adoh padunungané, iki mantrané :

"Ashadu ananingsun, ilaha rupaningsun, ilallah pangéraningsun, kang nuduhake marang dzaté kang Maha Luhur, sir cipta rasa ya rasa, aku nyipta kaananing omahé (sadulurku, sanakku) ana ing ………………. apa kaanané, ya hu khak ya hu Allah." (ping telu).

(Lakuné pasa sadina, ing sandhingé saré didokoki kembang setaman, yèn wis arep saré dilasé dilenggahi, banjur mapan, mripat merem, tutuk mingkem, matek mantra mau).

Enggoné saré mujur bener (kenceng) asta disèlèhaké mangisor, yèn sedhakep uga kena, nanging èpèk-èpèké aja ditumpangaké pulung ati, njalari tindhihen.

Kanggo njejaluk .

Apa kang dikarepaké utawa utang, lan njaluk pagawéan, iki mantrané :

"Niyat ingsun matek ajiku kemarang gawa, kadya gogroging musthika, imbar ngadeg kaya tugu."

(Tanpa laku, nanging yèn barang kang diarah mau gedhé, pasa telung dina, yén wis tekan ngareping omahé kang arep dijaluki pagawéan mateka mantra).

Perang catur

Supaya mungsuhé ora bisa utawa ora wani guneman, iki mantrané :

"Ora nekuk-nekuk ilat, nekuk ati budiné si ………………. teka kodheng bileng meneng tan ngucap, ya hu khak, ya hu khak."

(Tanpa laku, mung nalikané adu arep, nekuk ilaté dhéwé karo matek mantra mau).

Kanggo males wong cidra

Nanging ora kena miwiti gawé seriking ati. Iki mantrané :

"Gentéwang ratuning sambang putih ngabèi, patihing sambang déwi Wiruna badanku pira, satus patang-puluh-papat, sira dakkongkon lebonana si ………………… pedhoten ontongé, irisen rempeluné, obrak-abriken jorang-jaringané, jabang bayiné si ………………… salah saking tindaké dhéwé, ya hu khak."

(Lakuné mutih pitung dina, pati geni sadina sawengi, kanggo sarana yèn dina Jumuah njupuka kècèrané wong dodol lombok jemprit siji baé, nganggo nembung iya kena, ora iya kena, banjur diglintir-glintir nganti sarampungé).

Madhangaké ati

Kanggo nyirnakaké ati kang tansah peteng utawa tansah bingung, iki mantrané :

"Ana puji seninjong, pujiku saleleran, pujiné wong lara ati, ya Allah nyuwun ngapura, ya

Allah nyuwun tetamba, ana lara saka neraka, tibakna panasé iman, godhogen kuwali taras, banyonana sabar drana, tutupana sadat Mukhammad, kayonana tobat, sugokna sabar tawekal, ana kembang sajroning bumi ambuné terus kedhaton, ana padhang dudu padhanging rembulan, ya iki padhangé wong ngemu iman, ya hu Allah, ya hu Allah, ya hu Allah."

(Lakuné metu jaba diwaca ping telu; awan, soré, bengi).

Kanggo tunggu omah

Yèn arep lelungan, iki mantrané :

"Ashadu innie Pratimah, Pratiwi Allah, ya Rasulullah, ya aku panutaning Allah, wis Pratimah tunggua omah, reksanen cacekelanmu saisiné omah."

(Lakuné pasrah, lawang ditutup, dikunci utawa ora padha baé).

Mantrané bisa tangi ésuk

Iki mantrané :

"Bismillahi-rakhmani-rakhim : Sirning manjing ening, jumeneng eling, reksanen badan sariraku, sirnaning dzat Allah kang jumeneng."

Ningkah gaib (kanggo wong lanang)

"Bismillahi-rakhmani-rakhim. Niyat ingsun ningkah rasa sajati, purbaning Pangéran, saksi Allah, wali Mukhammad pangulu Rasul."

Ningkah gaib (kanggo wong wadon)

"*Bismillahi-rakhmani-rakhim*. Ingsun wus tanpa paningkahé rasa jati, kaanané Pangéran."

Adus sawisé nggarap sari

"Bismillahi-rakhmani-rakhim. Nawètu niyat ingsun adus kèl, rah kèli sari bali, sunatan lillahi ta'ala, sah badanku sinampurna, tumibaa bumi suka, banyu sukci, aslupa marang

badan sariraku, kembang pudhak sategal, kembang cepaka sedheng, aslupa marang badan sariraku."

"Allahu akbar." ping 3.

(Banjur ndamu banyu ping 3).

Bisaa gangsar enggoné golèk sandhang pangan

Iki mantrané :

"Allahuma puji langgeng, suksma mulya, kumpula badan sarira, olèha rakhmating Allah, olèha marga sing gampang, gampang saking karsaning Allah, laila hailallah Mukhammad-Rasulullah."

Nyuwuk bocah lara

Iki mantrané :

"Wéwé putih gunung sembung, gendruwo wuluné bumi, Sang Prabu abala yaksa, nir mala bayané ngati, aja wuruk sudi karya, suwuken anakku ik."

Manawa kapapag layon

"Assalam 'alaikum salam, 'alaikum salam, sawan wangké sampar wangké, tali wangké, lepasa parané, jembara kuburé, diakua umating Allah, olèha rakhmating Pangéran, kang lunga slamet."

(Yẹn kapethuk mandeg karo ngamalaké mantra mau).

Njaga omah supaya ora kambah durjana

(Saranané pojoking omah papat didokoki jambé jebug siji-siji). Iki mantrané :

"Singa barong kang mbau-reksa ana ing Lodhaya, ingsun njaluk tulung reksanen papan pomahanku yèn ana kang ganggu gawé sira balèkna."

(Kacarita yèn katarima ing papan pakarangan kono katon wewayangané macan putih nggero).

Nglerepaké wong nepsu

Iki mantrané :

"Jroné mripatmu Mukhammad, jroné mripatku Allah, jroné mripatmu Allah, jroné mripatku Mukhammad."

(Sarana kapandeng tengahing manik).

Nglakoni telung dina neptu 40 rambah kaping 6 kang dayané padha karo nglakoni ing dalem setahun

Lamun bakal ora kekurangan rezeki, lakuné sesirik ora mangan sega ing dalem telung dina neptu 40 rambah kaping 6 iki mantrané :

"Ya Allah, ya rakhman, ya Allah ya rakhim."

Mantra supaya pinaringan padhang atiné sarta mangreti marang bener luputé lakuné dhéwé

Lakuné sesirik ora mangan iwak ing dalem telung dina neptu 40 rambah kaping 6 ngebleng sawengi, iki mantrané :

"Ya Allah ya ghafurur, ya Allah ya khalim."

Mantra supaya pinaringan rezeki

Sandhungané sok pinaringan rezeki kang agung, lakuné puwasa telung dina neptu 40 rambah kaping 6, pungkasané ngebleng sadina sawengi, iki mantrané :

"Ya fatah ya ngalim, ya rajak ya karim."

Mantra supaya pinaringan gangsar sasedyané

Lakuné mutih telung dina neptu 40 rambah kaping 6, pungkasang ngebleng sadina sawengi, iki mantrané :

"Ya Allah ya latif, ya Allah ya khobier."

Mantra supaya tinurut saujaré déning wong akèh

Sarta pinaringan ampuh sabdané, lakuné mbisu telung dina neptu 40 rambah kaping 6, pungkasané ngebleng sadina sawengi, iki mantrané :

"Ya Allah ya kalamun, ya Allah ya qadirun."

Mantrané supaya pinaringan dadi apa saciptané, kaleksanan sabarang karepé

Lakuné pasa ngebleng ora mangan lan ora guneman ing dalem telung dina neptu 40 rambah kaping 6 pungkasané ngdbleng sadina sawengi, iki mantrané :

"Ya Allah ya khayum, ya Allah ya qadirun."

Mantra lamun arep nyumurupi wahyu tah-jali

Manawa antuk ru'yaté Allah s.b.w. bisa pinaringan weruh antara ing wanci rina, rupané sumorot kaya lintang ya iku kang ingaran wahyu tah-jali (jodhoné wahyu Laila tulqodar kang metu ing wanci bengi kalané sasi Pasa). Lakuné ora mangan legining gula, gurihing krambil ing dalem 30 dina ing sasi Sura, yèn katarima manfa'até pinaringan slamet awal lan akhir, yén ora pinaringan weruh, uga pinaringan slamet sajroning setahun.

Lamun ing saben sasi Sura kaambalan nglakoni maneh, insya Allah suwé-suwé bisa tampa ru'yating Allah lan wahyu tah-jali, iki mantrané kang diamalaké :

"Ya khayu ya khayum, ya khayun ya khayun, ya khayat ya khayat."

Surat Inna-anzalnahu

Sing sapa wongé ngakèh-akèhaké maca surat "Inna-anzalnahu" ing dalem sasi Ramadhan (Puwasa) sarta nglakoni wajib puwasa sasi Ramadhan, nalika wenginé tanggal kaping 21-23-25-27-29 (malem) cecegah ora turu sarta ana ing jaba, yèn katarima bisa tampa ru'yating Allah, bisa meruhi wahyu Lailatulqodar, déné wujuding wahyu dhawuhé K. N. Rasulullah s.a.w. kaya déné rembulan cumalorot mangisor, warnané ana kang semu ijo, semu biru, semu putih, yaiku wijining darajat patang prakara :

I. Darajating Ngèlmu.
II. Darajating Kawiryan

III. Darajating Kasugihan

IV. Darajating Kabarayan.

Utamané laku lamun tangi ing wayah bengi banjur mlaku-mlaku, sarta ngamalaké surat Inna anzalnahu, iki mantrané :

"Bismillahi-rakhmani-rakhim, Inna anzalnahu filailatilqadr, wama adraka malaikatulqadar, lailaturqodr khairun min alfi syahrin, tanajalul malaikatu warukhu fiha biidni rabhihim minkull amrin, salamun iya khattamot la'il fajar."

Mantra lamun mlaku-mlaku ing wayah bengi

Manfa'até pinaringan ngèlmu saking Pangéran. iki mantrané :

"Ya Allah ya hu Ya Mukhammad."

Mastrane lamun kasdu tirakat ana ing pasaréyan (kuburan)

Sunat kudu mangerti pambukaking kancing kubur utawa menganing alam kaalusan, patrapé ing dalem sadina sawengi ora turu lan ora kena guneman mung mligi ngamalaké mantra, iki mantrané :

"Kamaning Allah, nglebur gama, ngrusak gama, nyigar makam, nlusup badan lan Suksma, burnt sap pitu langit sap pitu tabetana ambu tan ana mung kari "Ga" kang medal ing karna kembang kenanga arum gandané, "Ga" kang medal ing grana, kembang gambir arum gandané, "Ga" kang medal ing grana, kembang melathi arum gandané, "Ga" kang medal ing puser, lenga jebat kasturi arum gandané, ngelebi ngisor ngelebi dhuwur terus bumi sap pitu, ambu tan ana mung kari mbukak lawang suwarga. Allahu akbar."

Tumuli ngamalaké :

"Dakar Mukhammad kang medal ing nétra, dakar Mukhammad kang medal ing karna, dakar Mukhammad kang medal ing grana, dakar Mukhammad kang medal Ing tutuk, dakar Mukhammad kang medal ing puser, dakar Mukhammad kang medal ing kubul, dakar Mukhammad kang medal ing jubur, ya Allah wa ya hu."

Rampunging ngamalaké martra kari angon lakuné napas, ing kono lamun katarima bisa katemu sawantahé, utawa saking liyep-layaping aluyut. Lan aja lali lamun pinaringan wangsit.

Donga Roèkhulakhmar (Penyakit kang banget)

Iki dongané kanggo ngilangaké lara panas lan liya-liyané lan nundhung syétan lan hawa kang ora becik ana sajroné omah, kayata omah kang wingit supaya wong iku ana sajroné omah aja nganti laranen, supaya bisa slamet Iki dongané :

"Bismillahi-rakhmani-rakhim. Alhamdhu lilahir rabbil 'alamien, Allahuma innie a'udhubika, bikalimatika taamatie kuliha minal raekhil akhmar, wa mienat da'il 'akbar fin nafsie wat dhammie wallahmi wal udhemie wayakululahu kun fayakun allahu akbar (x3) *birakhmatika ya arkhama rakhimin."*

Donga ayat limalas

Donga ayat limalas iki donga kang akèh paédahé tur nambahaké rejeki, sapa-sapa wong kang maca ayat iki saben dina sapisan utawa arep turu utawa arep lelungan kang adoh, mangka wong iku pinaringan gampang olèhé golék rezeki lan manèh dimulyakaké déning para sanak kang ketemu ora nganti olèh alangan apa-apa ana ing dalan rineksa déning Pangéran, sabab olèh barkaté ayat iki. Iki dongané :

"Bismillahi-rakhmanir-rakhim Alief laam miem, Allahu aladhie laailaha illahuwal khayul koyum kaiman bil kisti dhaalikumullahu faana tukvakun wa lao anna Qoer'an suyirat bil jibalu auquti'at bihil ardhu au 'koleima bihil moota ballillahil amru jamie'a. Innama amruhu, idhaa arodha syéan aiyakulalahu kun fayakun alkhamdu lillahi robbiel 'alamien bal hum fielabsien min kholkin-jadied-wahuwa maakum aènama kuntum wal'llahu bima takmaluna basier. Inna'lloha kowiyun aziez. Allahu laailaha illa huwa wa ala'llohi falyatawakkalil mukminun, wa man yattawakkal ala'llohi vahuwa khasbuhu innaloha balihu amrihi kod ja'ala'llohu likulli syai'in kodhro, wa akhato bima ladihim wa akhso kulla sya'in aadha. Robbul masyriki wal maghribi laailaha illa huwa wattakhid hu wa kiela, laya' takallomuna illa-man adhiena lahur, rakhmanu wa kala sawaaba. Min ayyisyai 'in kholakohu min nutvatin kholakohu yakoddaroh, dhie kuwatin indhadhiel arsie makien. Wa'llohu min warooihiem mukhied bal huwa qoer'anun majied. filaokhin makhfudh."

Laku 'Adam

Lamun arep laku 'Adam, patrapé era kena kéyuban wangon, ora kena nekuk dhengkul,

puwasa mbisu ngebleng sadina sawengi. Sawenèh kaol kena mangan ora kena guneman. Manfa'atélamun katarima bisa antuk dhawuhing Pangéran kang ginaib lan antuk kanugrahan kang luhur, iki mantrané :

"Rabbana ya rabbana, Dhalamna anfusana, Vainlam taghfirlana, Watar khamna lana kunanna, Minal qasirin."

Laku kungkum (ing wayah bengi)

Laku kungkum saka isbaté lelakoné ibu Khawa. tegesé niru nalika pisahé ibu Khawa lan bapa 'Adam banget atisé. Mungguh patrapé laku kangkum.. lungguh ana sajroning banyu, kang -banyuné meneng watara jeroné ana sapundhak lamun lungguh Manawa kena kungkum ana kali, wajib meruhi lakuné banyti, madhep marang miliring banyu, supaya yèn ana banyu neka énggal bisa mentas sumingkir. Mungguh titikaning banyu neka (banyu gedhé). yaiku akèh sangkrahé sarta nyuwara.

Lamun nglakoni kungkum suwéné antara sajam mawa luwih. yèn katrima bisa katemu Bagéndha Kilir utawa kangjeng Sunan Kalijaga, sarta bisa nampa dhawuh apa kang sinedya. Sarta maneh manfa'até bisa antuk pangapurané Allah s.b.w., uwal saka ngembel utawa uwal saka siksaning Allah s.b.w. iki mantrané :

"Assalamu 'Alaikum warakhmatullahi wabarakhatu."

"Putih-putihing mripatku Sayidina Kilir, ireng-irenging mripatku Kangjeng Sunan Kalijaga, telenging mripatku Kangjeng Nabi Mukhammad."

Sarana numbali omah, supaya luput ing sakehing bencana

Kayata angin gedhé, geni (kobongan), banyu gedhé, panulaking tuju tenung, pageblug, sarap-sawan lan sapanunggalané Pratikelé gawéa lawé wenang ubengna ing omah wayah jam 6.30 soré, kawiwitan ngadeg ana tengah lawang omah ngarep sarta maca mantra iki :

"Putih-putihing mripatku, pucuking ilatku Mukhammad ireng-irenging mripatku tengahing ilatku Rasul, telenging mripatku poking ilatku Allah, lebuné napasku Allah, wetuning napasku Rasul-Mukhammad."

Sawisé maca mantra, banjur lumaku manengen ngubengi omah rambah kaping 3 ora kena caturan, sarta ngamalaké mantra manèh.

"Allah Mukhammad, Allah Mukhammad."

Rajah tinulis ing kertas warno loro, katèmpèlake ing lawang ngarep manfa'até rahayu slamet, luput saking panggawé ala.

ikilah rajahé :

Ya malikhu (Dzat kang maha kuwasa).

Ya maraja jaramaya = Hèh pangrencana, maria luwih.

Saka pojok tengen katèmpèlan rajah :

Maksallna (Jenenging wong lanang kang tapa ana sajroning guwa jaman Raja Dakianus).

Ya marani niramaya = Hèh kang anekani, ilanga kaluwihanira.

Lawang iring tengen katèmpèlan rajah :

Massalina (Jenenging wong lanang).

Ya silapa palasiya = Hèh kang awèh luwé, amaregana.

Lawang butulan buri katèmpèlan rajah :

Marnus (Jenenging wong lanang).

Ya midosa sadomiya = Hèh kang anyikara, maria nangsaya

Saka pojok buri iring kira katèmpèlan rajah :

Sadanus (Jenenging wong lanang).

Ya dayuda dayudaya = Hèh kang amerangi laruta kuwatira.

Lawang iring kiwa katèmpèlan rajah :

Khamastozyunus (Jenenging wong lanang).

Ya siyaca cayasiya = Hèh kang para cidra, kogel welasa.

Saka pojok kiwa kang ngarep katèmpèlan rajah :

Quitmir (Araning asu ajag).

Ya sihama mahasiya = Hèh kang dadi asta, yogya asiha.

Manfa'até kabèh iku pinaringan teguh rahayu slamet, luput saka panggawé ala.

(Rajah warna loro tegesé : katulis mangsi ireng lan abang).

Mantra kanggo mbalékaké panggawé ala, tuju tenung sapanunggalané.

kawaca ing wanci surup surya, ana sajabaning lawang

Iki mantrané :

“Talebag-talebug. talikak-talikuk, talikat-talikut, kebolak-kebalik sing supa sedya cidra marang aku sakukubanku kabèh, mbalika marang dhéwék-ira, saking karsaning Allah.”

Mantra minangka tumbal omah

Kawaca wanci jam 9 bengi ngadeg ing latar, madhep endi adheping omahé (yèn omahé madhep mangalor, iya madhep mangalor), yèn katrima dayaning mantra bisa wujud kaya awaké dhéwé, dadi lamun ana wong mlebu ing pakarangan sedya laku ala ngrumangsani katemu kang duwé omah, iki mantrané :

“Cenginglang cengingleng, gedhongku watu, pagerku sagara gunung, sapa ngaru-biru lan mangarah barangku, sida bingung, ora bisa mlebu saking karsaning Allah.”

Mantra minangka tumbal omah

Kawaca ngadeg saben jam 11 bengi, yèn katarima manawa ana wong sedya laku ala, pakolèhé mung wira-wiri, iki mantrané :

“Cekutha-cekuthi, pestha-pesthi, gedhongku watu pagerku sagara gunung, sapa ngaru-biru marang barang darbèkku, sida nglumpruk atiné, mung tansah wira-wiri, karana dicegati si-pestha-pesthi, saking karsaning Allah.”

Mantra minangka tumbal omah

Kawaca saben jam 1 bengi ngadeg ana ing jaba sarta wuda. katarima, wong kang sedya ala (durjana) pakolèhé banjur dhèngkèlen, iki mantrané :

“Setikang-setikung, gedhongku watu, pagerku sagara gunung, sapa ngaru-biru marang-barang darbèkku, meruhi aku, kasingsetana bumi langit, set-singset saking karsaning Allah.”

Mantra lamun nyuwun ngapura sakèhing dosané kang lagi sinandhang ing kemlaratan

Supaya bisa ingapura déning Allah s.b.w. panyuwuné kudu madhep lan tuwajuh, iki mantrané :

"Salamun hiya khatta-mat la'il fajar."

Mantra pangirupan

Kawaca wanci surup surya ana ngarep lawang sarta ngadeg, yèn katarima bisa nekakaké sakèhing dhayoh, lamun pinuju duwé gawé (mantu, tingkeban, utawa tetakan lan liya-liyané), iki mantrané :

"Sulur gentur sabdaning menusa, sadulur kolur padha teka, saking karsaning Allah."

Mantra nerang udan

Patrapé : dedupa ana tengah latar, menyan bobot saréyal, sarta matek mantrané kongsi saentèking dupa.

Lamun ngimanaké mantra iki, yèn lelungan ana ing dedalan tumuli kodanan ora kena ngéyub. Uga kena ngéyub yèn ana bebarengané karo kanca, iki mantrané :

"Waiyaka nasta'in wujudku byak, byak, byak. Alamtara kaifafa 'ala rabbuka byas, byas, byas."

Mantra lamun ngendhak wong pasulayan

Pepadon kang nganti kaya konangan ing iblisla'nat, lamun arep misah ngucapa ing wong iku angemu tembung pengasih-asih, iki mantrané :

"Kapithat-kapithet teka kèdhep teka lerep déning aku saking karsaning Allah."

Mantra yèn arep lelungan

(Lakuné ngadeg ana sangareping lawang. sarta manut lakuné napas kang saka irung, yèn kang tengen kang banter iya sikil kang tengen njangkah dhisik), iki mantrané :

"Ora ana apa-apa, mung Allah ingkang ana, paring slamet lan Nugraha."

Sangat Bagénda Ali

Lamun arep lunga perang utawa rembugan bisané unggul, lakuné manut wewayangané dhéwé, lamun ing wayah isuk, wewayangané ana kulon kudu mlaku mangulon sadawané

wewayangan tumuli banjur marang ing ngendi lakuné kang disedya. Lamun ing wayah soré wewayangané ana wétan uga mangkono lakuné, iki mantrané :

"Bismillahi-rakhmani-rakhim, Allahuma sali 'Ala sayidina Muhammad."

Mantra lamun arep numpak kréta kang lumaku ing dharatan utawa liyané tumpakan uga metu ing dharatan.

Iki mantrané :

"Bismillahi-rakhmani-rakhim, Rokh raga karéta jiwa, suksma kang nglakokaké."

Mantra arep mumpak prau utawa sabarang kang ngambah ing banyu.

Iki mantrané :

"Bismillahi-rakhmani-rakhim. Bismillahi mazreha wa mursaha."

Mantra lamun arep kasinungan sugih donya kang khaq

Lakuné ngadeg ana tengah latar ing wanci tengah wengi madhep mangetan, iki mantrané :

"Paring-paring para ingkang nengga gedhong."

" Jagad wétan sira kang ngreksa gedhongku sandhang, aja kagèt aku arep mbukak njupuk sandhanganku kang ana kéné."

Tumuli madhep mangidul :

"Jagad kidul sira kang ngreksa gedhongku wadhah pangan,aja kagèt, aku arep kongkon mbukak njupuk panganku kang ana kéné."

Tumuli madhep mangulon :

"Jagad kulon sira kang ngreksa gedhongku wadhah kamuktèn, aja kagèt aku arep kongkon mbukak njupuk kamuktènku kang ana kéné."

Tumuli madhep mangalor :

"Jagad lor sira kang ngreksa gedhongku wadhah mas picis raja brana, aja kagèt aku arep kongkon mbukak njupuk bandhaku mas picis raja brana kang ana kéné."

Mantra lamun arep nekakaké bandha donya

Patrapé ngadeg ana tengah latar madhep mangétan wanci jam siji bengi sarta njawab marang saduluré, iki mantrané :

"Jabarum, Jabariyah, Kamarullah, undhang-undhangana sadulurku kabèh padha arep dak kongkon mbukak gedhong wétan."

"Sadulurku kang ana wétan, putih rupané, Kawahiyah arané, bukaken gedhong wétan, jupukna sandhanganku kabèh."

Tumuli madhep mangidul :

"Sadulurku kang ana kidul, abang rupané, Tihiyah arané, bukaken gedhong kidul, jupukna panganku kabèh."

Tumuli madhep mangulon :

"Sadulurku kang ana kulon, kuning rupané, Suriyah arané, sira dak kongkon bukaken gedhong kulon, jupukna kamuktènku gawanen mréné."

Tumuli madhep mangalor :

"Sadulurku kang ana lor, ireng rupané, Hariyah arané, sira dak kongkon bukaken gedhong lor, jupukna mas picis raja brana inten barléyan padha gawanen mréné kabèh saiki."

Sawisé ngamalaké mantra ing saben wenginé, yèn pinuju dina kalahiran (weton) sesaji inthuk-inthuk, kembang gantal, kembang setaman lan manjer diyan jawa (senthir). Lamun bisa nganggo rampèn slametan sakuwasané

Mantra lamun arep ngrawuhi lintang pitung prakara kang dumunung ana ing badan pribadi.

Lakuné ing dalem pitung dina, mawa patrap dhéwé-dhéwé. Utamané supaya ora rekasa ka-eletana ing dalem sawengi. Iki mantra lan lakuné :

Lamun arep ngawruhi lintang gaib sapisan lintang Kamar (qamar) arané,

ana ing kuping karo, sarta terus ing utek, rupané kaya geni murub, lamun bisa metu, dayané ngalisaké bangsané upas-upasan. Lakuné yèn nuju dina malem Senen Kliwon lungguh sila sarta sedhakep ana ing sajroning senthong ing dalem sawengi, iki mantrné :

"Ya khayu ya Mukhammad."

"Ya khayu ya-qaharu."

Kawaca rabah kaping 777, yèn katrima bisa nyumurupi lintang Kamar (qamar) arané, ana ing kuping karo, wujud utawa sajroning ngimpi.

Lintang ngatarit ('atarid),

wujuding cahya putih, lakuné ing dalem dina Rebo Wagé lungguh timpuh ing dalem sawengi, iki mantrané :

"Ya 'alimu aggena ya ghovaru."

Kawaca rambah kaping 777, yèn katrima, katekan apa sasedyané

Lintang Juhra,

wujuding cahya kaya geni murub putih metu saka gulu kang kiwa, lakuné ing dalem dina Jumuah Pon, lungguh ngrangkep dhengkul (ngekep dhengkul) ing dalem sawengi, iki mantrané :

"Khukhya ilaiya khikhayatan takinnu akliyan."

Kawaca kaping 777, yèn katrima sabarang kumelip padha asih, yèn ana wong lara kapandeng baé, bisa waras.

Lintang Syamsu,

wujuding cahya kaya kilat, metu saka sajroning ati, lakuné ing dalem dina malem Akad Pon nglungguhi tapaké karo (dlamakané loro) ing dalem sawengi tanpa obah, iki mantrané :

"Adhribasari ajdhru wasrabu."

Kawaca kaping 777, yèn katrima, kajèn lan kéringan ing wong akèh.

Lintang Merih,

wujuding cahya kaya emas mulat-mulat, metu saka puser, lakuné ing dalem dina malem Slasa Paing, lungguh timpuh ing dalem sawengi, iki mantrané :

"Ya raziku jahriyaqalku."

Kawaca kaping 777, yèn katrima bisa antuk kawruh (ngèlmu) tanpa winulang.

Lintang Mustari,

wujuding cahya kaya kembang mawar. Lakuné ing dalem dina Kemis Legi, lungguh selonjor, iki mantrané :

"Humma harmah 'adamun."

Kawaca kaping 777, yèn katrima kinasihan sagunging titah.

Lintang Jukhal,

wujuding cahya kaya geni murub sarta ireng metu saka bokong, lakuné ing dalem dina Saptu Legi, klawan lungguh pitekur (tafakur), iki mantrané :

"Ya Amzah 'adamun humma."

Kawaca kaping 777, yèn Katarina, bisa antuk ing rezekiné, adoh ing kasangsarané.

Pambungkem

Mantra lamun ana ing prekaran (Pangadilan) iki mantrané :

"Ora nekuk ilatku nekuk atiné ...."

(Saranané ilaté dhéwé. katekuk mangisor).

Pangasihan

Mantra lamun ngasihaké maring liyan bangsa, iki mantrané :

"Ya mubya mubyati, Ya mubya mubyati, Ya mubya mubyati."

Pangasihan marang para linuwih

Iki mantrané :

"Ireng-ireng sapa kang ana paningalé .... Allah, ya aku Muhammad."

(Sawisé matek Mantrané, nuli ngetokaké napas; kalebokna sarana cipta, sarta kaserota).

Panyatu utawa panglerepan

Lamun ana wong kena gegaman landhep. Lakuné mbisu 7 dina 7 bengi, pungkasané pati geni sarta ngebleng. (Lamun ana wong kena tatu ing gegaman, tumuli didilati, insya Allah pulih), iki mantrané :

"Rokh Rasa, kun-kun balia puliha, lakuné dhéwé-dhéwé, pamor, waja, wesi, asalira saka kun, padha balia marang kun, pulih kaya mauné."

Mantra lamun ana wong sétanen

Iki mantrané :

"A'uudzu billahi minasy syaétaa nirrajim."

Tumuli wong kang sétanen di-getaka kang seru lan ngucap :

"Elo, lah kok lowé ana kéné, lunga ! Kowé ora weruh aku, iki lurahmu, hara jenenge lurahmu ………………… Mula lunga."

Tamba lara encok

Nganggo sarana dipupusaké godong kecubung utawa suruh temu rosé, yèn bisa saya utama sabubaré digosok mau ditumpangi gosok rasa, patrapé rasa diemoraké ing lenga wijèn, digosokaké nganggo driji panunduh lan panunggul, ing papan kang krasa lara, banjur mateka mantra :

"Kluya-kluyu lara encok saka watu, wis muliha, lara encok nyang panggonanmu alas gung liwang-liwung."

(Tanpa laku, sabubaré matek mantra, wisuha banyu kang mili).

Tamba lata untu

Nganggo sarana rokok wangi rong iji, mateka mantra:

"Sun matek ajiku sang-wiku luka, kang manggon anèng pega, lumaku nurut kukus, tumeka ing untu lara lan sirna rasané padha sanalika, saking karsaning Allah."

(Tanpa laku).

Aji Jayabrama

Dayané ngadhemaké geni, mateka mantra :

"Ingsun matek ajiku Jayabrama, kadadéanmu kawah abang, khuthané tembaga, bala pitung èwu, padha reksanen aku, ngreksa teguh rahayu, atutup nabi, akancing Allah, pandhita jaya wali sanga, iku jenenging urip, kang mengku ing liyan tan obah kabèh."

Mantra ngaberaké panasing geni

Supaya ora gampang kabrangas lan adhem dadiné. Winantra :

"Dayaqauwati 'andadlil 'asri mukin."

(Lakuné mutih pitung dina pitung bengi, pati geni sadina sawengi, bukané sega gorèng lawuhé sarwa gorèngan kabèh).

Pangirupan

Dayané linulutan sarta sinuyudan sakèhing wong, mateka mantra :

"Allahuma rokh ilafi, ratuning nyawa sakalir, sakèhé kang turu, padha sira tangia, padha maraa, nembaha marang ingsun, manut mituruta sapakoningsun, iya ingsun ratuning rokh ilafi, wangi tanpa ganda, padhang tan ana petengé, kang muna-muni lebur déning swaraning Allah, iya aku ratuning rokh ilafi, ngadeg ing waringin sungsang, kang pangawak buwana balik, laila haillallah Mukhammad-Rasulullah."

(Lakuné mutih pitung dina pitung bengi, pati geni sadina sawengi, bukané : sega punar, lawuhé endbog dadaran dikudhungaké ing sega punar mau).

Aji Sirwénda

Kanggo panitisan mbedhil utawa njemparing, mantrané telung warna :

"Ingsun matak ajiku Sirwénda, sarira Suksma, kemul jati arané, kalempeng putih arané mimis, padha tuturana, siraga makengkeng dadi pangané dak cegat salakuné saparané."

"Sir pindho : èh panganen panganira, lah ta wis asalé kéning tunggal, ya ingsun Sang Hyang Tunggal."

"Ules-ules putih Mukhammad, lungguhku Allah, nur putih lungguhku nyawa, tis ngarang badan, ingsun jatiné Allah, ya hu khak."

(Lakuné ngebleng pitung dina pitung bengi).

Masalah mantra kanggo ngèngeti uripé.

Kawaca rina lan wengi :

"Gusti kang maha Sukci, Allah Pangéran kula, kang tuhur kratonipun, kang sampurna asmanipun, kang murba kang kuwasa, kawula nyuwun ngapura, kawula wonten ing donya kathah duraka kawula, ageng dosa kawula, mugi Allah ngudanènana, kawula nyuwun barkah, nyuwun bagas, nyuwun rahayu wilujeng utawi nyuwun panjang umur, saanak bojo kawula, saahli waris kawula, saraja-darbèk kawula, utawi kawula nyuwun sandhang theda kawula sarinten-dalunipun, ing saben dintenipun, saking sih rakhmating Allah, serenging napsu kawula sarinten-dalunipun, kibir jubriyanipun manah kawula sarinten-dalunipun, supéné gesang kawula sarinten-dalunipun, gorohing manah kawula lahir batos, sarinten-dalunipun, kawula nyuwun ngapura, kawula boten daya, Gusti."

Panyuwunan

"Salallahu 'alaihi wassalam, tabé-tabé Kangjeng Sunan Kalijaga, kula nyuwun drajat rejeki kang agung Bapa Kuwasa, Ibu Pratiwi, kula nyuwun sih pitulungan, paduka tangèkaken badan kula, yèn sampun tangi, kaedegna, yèn sampun ngadeg, kalampahna, utawi kula nyuwun sih drajat rejeki kang agung, winedalna saking samining gesang kula."

"Utawa sadulurku kang tuwa, kang ana wétan, putih rupané, kadadéan-getih putih, gedhongé slaka, padusané santen, duwé bala malaékat pitung leksa pitung èwu pitung atus pitung puluh pitu iji."

"Sadulurku kang ana kidul, abang rupané, kadadéan getih ari-ari, padusané getih abang, duwé gedhong tembaga, duwé bala malaékat.

"Sadulurku kang ana kulon, kuning rupané, kadadéan getih kuning, padusané mirah, duwé gedhong emas, duwé bala malaékat."

"Sadulurku kang ana lor, ireng rupané, kadadéan puser, padusané nila, duwé gedhong wesi, duwé bala malaékat pitung atus pitung puluh pitu iji, aku njaluk darajat rejeki kang agung."

Mantra madhangaké tumrap sakarat kang suwé

Sarana banyu kausapaké badan sakojur kang warata.

"Dus banyu urip, sir dzat les kusuma jatining sampurna, sukci donya ngakérat, sirnaning jinabat, sampurnaning junub padha salin enggon, sirnané saking wujud Allah, sah jero, sampurna jaba."

Kanggo misik kuping tengen

"Peksi nala, nepna lawang neraka, ngakna lawang suwarga, pitung bumi pitung langit, weruhna Pangiranira, dzat sekarat midya jatiné sampurna, sirna mulya marang tunggal, sajatini tunggal uripé sajatiné urip rasa, sajatiné rasa rokh, sajatiné rokh dzat sakarat rokh madhep muji marang dzat Allah, kurungan raga mlesat ilang, kenaning rusak, maha sukci sirnaning urip, tunggal Gusti kawulaning dzat."

Sahadat panetep iman

"Salallahu 'alaihi wassalam, Sir Allah, kodrat Allah ya hu Allah, ya hu Allah"

"Salallahu 'alaihi wassalam, Pangéran kang akulit iman, iman abadan Pangéran, bésuk langgeng saiki langgeng bareng samengko."

"Salallahu 'alaihi wassalam, Bis semara buka, rokh 'ilapi, ma'rifat iman,lawang dalem tinuta déning iman."

"Salallahu 'alaihi wassalam, Ma'dum panglunturan dakar, dakar saka ing kadim, sir-Allah, gulu iring, kang kiwa, sukci aran, gulu iringan kang tengen, wangkit bau jaja, liyat lambung kiwa lambung tengen. Sir-Allah pulung ati, kodrat Allah puser, mukhhilat silit-kodhok, tri sasra pelanangan, metu gaib tinadhahan awamah arané, maa'yul wangi tanpa ganda."

"Salallahu 'alaihi wassalam, Tobat yèn badana jasmani abangé badanku dudu si-amarah, kencenging badanku dudu otot si mutmainah, kuwating badanku dudu balung si-supiyah, sing krasa gèdhèg, a, khé, sir, obahing wuluku salamba dadi sembah klawan puja."

"Salallahu 'alaihi wassalam, Kama Allah, cahya sari, sajatiné rupa asal saka Allah, mulih marang Allah, sah-kapisah, aja dhisik aja kèri, yèn kèri dienggoni Suksma, rasaning Pangéran. Pangéran ya Allah ana ing ngendi, ana sajroning cupu manik, sapira gedhéné,

rupané kaya kudhup melati, cahyané yèn gumebyar kaya kilat, yèn mancorong kaya ndaru, ya iku enggoning mulya.”

“Salallahu ‘alaihi wassalam, Sang peksi nala madhep mangétan genjot bumi kapitu sapangétan. Sang peksi nala madhep mangidul, genjot bumi kapitu sapangidul. Sang peksi nala madhep mangulon, genjot bumi kapitu sapangulon. Sang peksi nala madhep mangalor, genjot bumi kapitu sapangalor. Sang peksi nala madhep mangisor, trus bumi kapitu pisan. Sang peksi nala madhep mandhuwur trus langit kapitu, murub mumbul breng ngawang-awang, byar padhang awang-awang, uwung-uwung kang karang wulu srengéngé, preg-gepreg ya aku sang peksi nala, kang mulih mulya.”

“Salallahu ‘alaihi wassalam, Sang peksi nala lanang kang mulih mulya mring dzat-Allah, kang ngemban manik tarékat, kang karang wulu srengéngé, ana ladhu sumumping saka guru, saka guru sumuruping kodrat-Allah, preg-gepreg ya aku sang peksi nala lanang, kang munggah suwarga, tanpa kira-kira.”

“Sahadat sakarat, Salallahu ‘alaihi wassalam. Wajibul talakafi, sipatku dak-dadèkaké osik, wajibul talakafi, osikku dak-lebur dak-dadèkaké pramana, wajibul talakafi, dzat lap les tinggal donya mulih menyang akherat.”

“Salallahu ‘alaihi wassalam. Léwa mulya lesninging jat. Dhuh Allah kawula nyuwun manoning Allah kawujudna.”

(Sakarepé duk nalika sakaratil maut).

Mantra fitrah

“Bismillahi-rakhmani-rakhim. Nawètu an’uadiya jakatal fittri ‘anabsi, niyatingsun mitrahi ing awak ingsun (1/2/3) *pardlan lillahi ta’ala.”*

Déné kang tampa kudu ngucap :

“Allahuma Skhara kallahu laka tal huran birakhmatika ya arkhama rakhimin.”

1) Kanggo bojo anzauji.
2) Kanggo anak Anwaladi.
3) Kanggo réwang Ankhodimi.

Supaya tansah oleh kanugrahan lan pangapuraning Allah

Darapon slamet sempulur cukup kadar uripé, wacanen aja pegat sabisané :

"Bismillahi-rakhmani-rakhim. Allamullahu qayum."

Madhahi ari-ari ing kendhil.

Iki pujiné :

Bebukané golang-galing kaki, putu banthèng wulong, kaki among, nini among kiyé, lah tunggunen gusti arsa guling, sira sun-opahi, kang satriya mujung.

Kakang kawah adhi ari-ari, payo padha nglumpok, bok Nirbiyah. Latdiyah dèn agé. bathak bolu uyahé ywa kari, lan dhuwit rang dhuwit, domé aja kantun.

Beras abang lawan lenga wangi, lan gantalé loro, tetulisan Arab lan Jawané. lebokena ing kendhil tumuli, sinrebètan putih, sakarsa linabuh.

Kutu-kutu walang taga sami, bareng lair ingong, kang gumremet kang kumelip kabèh, lah tunggunen gusti arsa guling, sira sun opahi, jenang sungsun telu.

Dandanané saking suwargadi, bathok isi konyoh, bathok tasih tapel myang pupuké, ana nggawa bokor lawan kendhi, ana nggawa manino, kebut lawan payung.

Widadari gumrubyung nuruni, pra samya amomong, ana tunggu ing kanan kéringé, ana nggawa kasur lawan guling, kajang sirah adi, kemel sutra alus.

Yèn ana bayi nangis ing wengi, binektaa gupoh, marang latar pojok lor prenahé, pra leluhur rawuh anyuwuki, meneng aja nangis, jabang bayi turu.

Mantra supaya jejeg anggoné lungguh lan santosa imané

Iki mantrané :

"Allahuma lungguh ratna maléla, lungguh ing bumi alam hu Allahu."

"Allahuma lungguh alungguh ing bumi Kunfayakun." Sawisé lungguh : *"Allahuma sida lungguh teka wétan dhoyongé lungguhku cinagakan Nabi Adam, Allahuma sida lungguh teka kidul dhoyongé lungguhku cinagakan ing Nabi Sulaiman, Allahuma sida lungguh teka kulon dhoyongé lungguhku cinagakan ing Bagéndha Ambyah, Allahuma sida lungguh teka lor dhoyongé lungguhku cinagakan ing Nabi Mukhammad Salallahu Alaihi Wassalam, birakhmatika ya arkhaman rakhimin."*

Mantrané mulih (menyat) saka lungguh

Iki mantrané :

"Allahuma ya Allah ya Allah, ya-rakhim ya rakhim, ya rakhman ya rakhman, ya rakhim, ya kudrat, Allah ya mulya ya mulya."

Mantra lamun ngidak bumi anyar

(Bumi kang diambah utawa bumi kang diparani), iki mantrané :

"Allahuma hada baladan aminan daiman wakhusnan tayiban wa amalan shalékhan abadal abadi ma'a ahlihi, Allahuma khauwil alaéna wala alina birakhmatikha ya arkhama rakhimin."

Mantra supaya duwé daya pangucapé

"Allahuma surna 'ala kula 'aduwin shoghirin wakabirin dakirin, wa insanikabirin waba'id syahidin wagalibin saréjin wasi'in kafirin wa muslimin."

Mantra supaya jejeg lan ora duwé ati cilik sakjroning guneman

Iki mantrané :

"Allahuma jejeg-jejegku Nabi Adam hu Allah."

"Allahuma jejeg-jejegku Nabi Sulaiman hu Allah."

"Allahuma jejeg-jejegku Nabi Allah Rakhmatullah jejeg sajeg saking Allahu Akbar."

Mantra supaya slamet sakjroning lumaku lan ora di-siri kang gawé ala.

Iki mantrané :

"Bismiliah tawa-kaltu 'Alallah la kaula wala kauwata illa bilahillah."

Mantra nekani sajroning impèn supaya diimpèkaké

"Sir Allah dzat Allah Sifat Allah wujud Allah, sira dak-kongkon dzatku, aworna karo dzaté si …………………"

Mantra serèwu agung sawabé

"Allahuma wa'alaihi nasirun, adakun, sarkun kadirin aminin, ya rabbil 'alamin wa ya kaéran nasirin, birakhmatikha ya arkhaman rakhimin."

Ismu gunting

Dayané ampuh tangané anteb, mateka mantra :

"Tub jati, tub jali, masya Allah, ya Rasulullah, tapyer-tapyer."

Lakuné yèn arep madhang utawa bubar madhang, ora kena wisuh satus dina, sarta ora kena nyekel enthong.

Ngèlmu Gunting I

Punika ngèlmu Gunting tapané kenahat *) patang dina iki ismuné

"Ya hu jabardis jabardis, bas tatas keris Sulaiman, dikaya kerismu, ngaku landhepé tangan kita."

Mangka lamun ngemèlaken dèn dilata tanganira.

Ngèlmu Gunting II

Punika ngèlmu Gunting malih, tunggal tapané lan tunggal patrapé. iki ismuné :

"Ya hu allahuma buntut-buntut kidang maligur."

Ngèlmu Gunting III

Punika ngèlmu Guhting malih, tunggal tapané lan tunggal patrapé. iki ismuné :

"Ya hu allahuma banas-banas la kaula wa la kauwata illabilahil aliyil 'alim."

Ngèlmu Gunting IV

Punika ngèlmu Gunting malih, tapané mutih pitung dina. iki ismuné :

"Ya hu sikiring sabarang, si jaka kem turu sira tangia, besèt kulité pegat ototé, prek limprek sarandu awakmu kabèh."

*) Kenahat : Madhang Sapisan wareg, ora kena tanduk, upama wayah awan madhang,

sèsuk awan lagi madhang maneh, sapituruté manut lakuné.

Slametan memulé Dhukutan

Dina anggara kasih (Selasa Kliwon) nuju wuku Dhukut, kang di memulé :

1. Kanjeng Nabi Kilir;
2. Kanjeng Sunan Kalijaga;
3. Ingkang Sinuhun Lawu sagarwa putra santana abdi kabèh;
4. Kangjeng Ratu kidul, saha kaponakan para wadya kabèh;
5. Sang Hyang Bathari Durga sawadyabala;
6. Gusti Sekar Kedhaton Ing gunung Merapi.

Warnané kang disajekaké

1. Tumpeng jagung, blobos = godhong lumbu dikethoki cilik-cilik banjur kanggo buntel, bongko kacang-cina, banjur diedang;
2. Tumpeng jagung janganan adhem-adheman, ketan putih, ketan abang, abanging gula krambil;
3. Satriya mujung = pès-pèsan katul, srabi, juruh, ketan ireng;
4. Pala kasimpar = waluh, ketimun, semangka saanané;
5. Pala kapendhem = kacang, garut, ganyong, kènthang, pohung kang warna-warna;
6. Pala gumantung = gedhang utawa séjé-séjéné;
7. Jagung kagodhog.

Mantra kutug

"Sih lumintu rejeki aja towong, jisim alus, Rokh alus kang ikal bakal, kang cikal bakal ing ………………., ingsun asung dhahar ganda arum, Ingsun ngobong dupa, menyan madu, areng sejati, arengé menyan kayu manuk putih, kukusing menyan sira sun-kongkon marang swarga, seger kuwarasan padhanging ati. Aja sira nyimpang marga, yèn nyimpang marga kena sunatané Kanjeng Nabi Adam, Gusti Allah, kawula nyuwun wilujeng."

Mantra manawa soré

"Aja sira turu soré, wong anom akèh dosané, tengah wengi anglilira nyebuta Pangéranira, ana Déwa nganglang jagad, nggawa bokor kencana isi sandhang kalawan pangan, paringna kang padha muji-amuji rina wengi, yèn lara olèha tamba, tambanana muksa ilang godhoken kuwali olah, genènana kayu tawa, kekepana Waliullah, laila' hailallahu Mukhammad-Rasulullah."

Mantra mapagaké tanggal

"Ajiku Puspanegara, pang pradapa sasi, godhong widadari, kembang lintang, woh srengéngé, sira bagéa mbok lara tanggal, sak tuwa-tuwaku, isih tuwa kowé, sa enom-enommu, isih enom aku."

Mantra serabat

"Ingsun amuji puji donga serabat, simbar Mukhammad pinayungan Nabi Dawud, andhawut sakèhing lara, andahawut sakèhing dosa, andhawut sakèhing ridhu, ridhu aja ngridhu marang badanku, aja ngridhu anak putuku, sinampar bubar, sinandhung lebur, musna ilang dadi banyu kungkulan dongaku serabat."

Prasapa kang tumrap leluhur pecahaning kraton Jawa

I. Prasapa tumrap tedhak ing Demak.

   Ora kena ajarit polèng, jalaran rikala Kangjeng Sultan ameng-ameng ngagem nyamping polèng, kondur banjur gerah.

   Ora kena nganggo jarit wulung, jalaran rikala Kangjeng Sultan Demak wekasan mangagem nyamping wulung, kacidra ing durjana.

II. Prasapa tumrap tedhak ing Madiun.

   Ora kena nganggo payung dhandhan abang, jalaran rikala bedhahé Madiimun, Sang Adipati nuju ngagem songsong dhandhan abang.

III. Prasapa tumrap tedhak ing Kudus.

   Ora kena mangan iwak sapi, jalaran rikala Sunan Kudus bingung ana ing alas, émuté déné mireng unining gentha sapi.

IV. Prasapa tumrap tedhak ing Madura.

Ora kena nganggo jarit polèng, jalaran rikala Prabu Lembu-peteng ing Madura nyoba Jeng Sunan Giri, ngagem mangkono, satemah asor prabawané.

Ora kena nganggo jarit parang-rusak, jalaran rikala mal'king paningal, kolu nglurugi ingkang rama, lagi ngagem nyamping parang-rusak.

V. Prasapa tumrap tedhak ing Sumenep

Ora kena ajang piring watu, jalaran kala Prabu Jaranpanolih kataman gerah budhug, mentas ajang piring watu.

Ora kena dhahar iwak kidang, jalaran kala gerah tambani nganggo sarana iluning kidang.

Ora kena ajang godhong plasa, jalaran rikala panjenengané ajang godhong plasa, tansah kaselak-selak.

Mandékaké ujar

Lamun arep mandi ujaré. Iki ismuné ;

"Sumulung jatiné tunggal, nu tunggal ora karsa, nu tunggal pra ngandika."

Mandékaké srengen

Dongané wong srengen, darapon kamitenggengen kang dèn srengeni, iki dongané :

"Lamaujudda ilallah."

Winaca kaping telu.

Upas-upasan

Iki ismuné kang winaca :

"Rasa jati rasa Allah, mulya jati mulya Allah, é ana upasé, sarwi dariji tengah punika kadumukaken kang badhé dhilnahar."

Manawa wanita nggarbini supaya aja kena pangrencana (gangguan) tumrap putrané lan ibuné

Kaucapaké saben, ésuk lan soré :

"U'idhu bilwachidissamak, minkullidi khasadin."

Kango priyané nalika rabiné nggarbini darapon rinekse saka pangrecana

"Allahuma akhfid waladan madhama fibadhiha."

Yèn ngangkah aja énggal katon tuwa (awèt anom)

Mantramna kalamun arep adus, kamantrakaké x7 uga mlethèk surya.

"ya rahum ya rahuna ya rihanun ya 'alimun."

Wong susah ribet atiné, wajib nyuwun pangapura ing Allah

Iki puja mantrané :

"Allahuma agfirlana dunubana wakafir lana 'ala syaiatina Watawafana ma'al abror."

Pangracutan jasad kang kagem K. S. Kalijaga

"Badaningsun jasmani wus suci, ingsun gawa marang kaanan jati tanpa jalaran pati bisa mulya sampurna waluya urip salawasé, ana ing alam donya ingsun urip twnekané 'alam kaanan jati ingsun urip, saka kodrat iradatingsun, dadi saciptaningsun, ana sasedyaningsun, teka sakarsaningsun."

Donga atiné surat an'am

Sapa-sapa wong kang maca ayat iki, nalikané ana wong kang kepanjingan sétan utawa wong klenger, nuli diwacakaké surat an'am kaping sawelas ana ing kupingé. Iki dongané :

"Bismillahir-rakhmanir-rakhim. Lakad ja'akum rasulun min anfusikum azierun alaihi ma aniettum khastrun alaikum bil muk miniena raovun rakhim fa'in tawalau vakul khasbiyal'llahu laaillaha illa huwa alaihi tawakkaltu wa huwa rabbul arsiel adhiem."

Donga gaib Sulaiman

Donga gaib Sulaiman iki paédahé diwaca nalikané arep turu, terus metu saka omah ana plataran madhep mangulon, diwaca saben jam 12 (bengi) kaping sapisan, nganti tekan patangpuluh dina suwené, nuli sidhakep kanthi nyenyuwun maring Allah, mangka wong iku pina ringan rejeki kang ajeg, iki dongané :

"Allahuma in dakhola fi surati Sulaiman, wa mulki Sulaiman, minal masyriki wal maghribi lidhatihi wa sifatihi wa quawatihihi wa Jibrila wa Mikaila wa Israfila wa Izraila wa mulki Sulaiman, minal masyriki wal magribi jinnan wa tasan wa riekhan wa ghomaanan wa sallama taslieman kasiran jalla jallaluh ya'iblies-sa'tani fiddhulumaati wannuri rabbana takabbal Sulaiman birakhmatika ya arkhama-Rakhimien."

Donga Nurbuat

Donga Nurbuat iki donga kang agung paédahé, winaca ginawé katemu karo wong luhur, utawa caos maring wong gedhé - gedhé utawa panggedhé supaya kinasihan. Wong kang duwé sedya ala-ora tumeka, tur manèh bisa nambahaké rejeki. Iki dongané :

"Allahuma dissultanil radhiem, wa dhil maanil kadhiem wa dhie waj hikal kariem, wa waliyyil kalimatief taamati wa dakwatil mustajabi akilil Khasani wal Khusaini min anfusil khakki 'ainul wal jinni, wassayatini waiyiyakadul ladhiena kafaru layuzlikunaka biabsarihim lamma samiuddikra wa yakulluna innahu la mainim wa-ma-huwa illa dhikrun lil alamien wa mustajabu Qur'anul khakim, wawa risa Sulaimana alwadhud dhul arsil majied. Touwil-'umuri wa sahikh jasadi waqdi khajati, waqsir amwali, wa auladi wa khabibun linnasi ajma'in, wataba adol adawautu min bani Adam mankaana khayyan wa yakhikkol kaulu alal kafirin. Innaka ala kulli syai'in kodier, Subkhana rabbika rabbil Izaati ama yasifun wa salamun alal mursaliena wal khamdulillahie rabbil 'alamien."

Donga Zabur

Donga Zabur iki agung paedahé, winaca lamun-arep lelungan utawa arep mlebu ana ing panggonan kang sangar utawa angker kang ora tau diambah manusa, nuli macaa donga iki, aja nganti putus-putus nganti tekan ngliwati panggonan iku, iki dongané :

"Allahuma antal awwalu failaisa qoblaka syaiun wa antalakhiru vawa anfal aliemu

innaka ala kulli syai'in aliem, wa antal qodiru innaka ala kulli syai'in qodhier, walaa yaudhuhu ibdhuhuma wahuwal aliyul adhiem fallahu khaérun khafidhon min kulli syaitonin maaried wa khafidnaha min kulli syaitonirrojiem. wa khifdon dhalika takdirul azizil aliem. Innahu huwa yubdhi'u wa yu'idh. wa huwal ghofurul wadhudh, dul arsil majied fak alullimayuried, illahi wakhtiem lana bikhairi waya khaéran naasirien."

Donga wasiat K. N. Mukhammad saw,

Wus ngandika Kangjeng Nabi s.a.w. sapa-sapa wong kang maca kalimah iki, maneka wong iku ora, kena bilahi wiwit saka ésuk saéngga soré, nuli macaa ayat iki sadina sapisan, ésuk utawa soré, iki donganė :

"Bismillahi-rakhmani-rakhim, Allahuma anta robbi lailaha ila anta alaika tawakkaltu wa anta robbul arsiel adhiem, lakhaula wala kuwata ila bilahil aliyil adhiem. masya Allah, ka-ana wamalam yasyak lam yakun Asyahadu anna'lloha alaa kulli syai'in qodhier, wa anna 'illoha qod-akhato biqulli syai'in ilma wa-akhso kulla syai'in adada wa annas sa'ata atiatun la raeba fieha wa anna'llohu yab 'asu man fil qubur- Allahuma inni audhubika min syarri nafsi wa minsyarri wa min kulli dhaabatin anta akhidun binasiyatiha Inna Robbi alla syiratin mustakiem wa anta alaa kulli syai'in khafidh. Inna waliyyal 'llahu ladhie nazzalal kitaaba wa huwa yatawallas solikhien, fain tawallau yakul khasbiallahu laailaha illa huwa 'Allaihi tawakkaltu wahuwa rabbul arsil adhiem."

Donga wasiyat Iman Sofyan Sori

Miturut ujaré Iman Sofyan Sori, sapa-sapa kang nduwéni pikiran kang rupek utawa ruwed, olèhé golék sandhang pangan utawa liya-liyané karep kang sumedya becik. mangka wong iku nuli macaa donga iki saben-saben arep mapan turu, kalawan menganggo kang sarwo resik lan pikiran kang tetep. winaca ambal kaping pitu terus 7 dina lawasé, olèhé maca madhep mangulon, wanci jam 12 bengi kalawan lungguh kang jejek, insya Allah pinaringan gangsar enggoné golèk sandhang pangan. Iki ismuné kang winaca :

"Allahuma ya rabba qulli sai'in wa ilaha qulli sai'in wa waliya qulli sai'in, wa khollika qulli sai'in wa khohira qulli sai'in bikhudrattika ya malikha qulli sai'in wal 'alimu biqulli sai'in wal khakimu ala qulli sai'in wal kohiru ala qulli sai'in, qudrattuka ala qulli sai'in, faghfirli kulla

sai'in wakdhi li kula sai'in wahabli kulla sai'in walaatas alni an sai'in, wa tukha sibni bisa'in, birakhmatika ya arkhama rakhimien."

Upas-upasan sakalir dadi tawa

Iki upas-upasan. Lamun mejangaké saraté tindhih dhuwit suwang (8½ sèn), enggoné mejangaké ora kena kauban wangon, kasiyaté tawa sakèhing upas, lan kena dèn anggo nambani wong kena tenung sapanunggalané, utawa dèn leboni upas, lan wong mutah getih.

Saraté banyu ing pinggan putih, cinemplungan uyah lanang, nuli inginumaken, iku kena dèn anggo nyatu wong kena gegaman. lan wong dèn cakot ing ula utawa asu, wang kena patil utawa entup, sapanunggalané kabèh.

iki lafalé :

"Sang Parusa anyemplung segara, upas tawa, tenun tawa, tuju tawa, kemadong tawa, ambar tawa, tawa tawi tawar, tawar saking karsaning Allah."

Pujiné yèn madhang tawa sakalir teguh rahayu

Iki pujiné yèn mangan, supaya tawa sakalir, teguh rahavyu. Sakawit yèn lekas arep madhang (mangan), muji mangkéné :

"Mung Allah anglilanana, anggen kula mangan kamurahaning Allah."

Nunten njimpit sekul dinèkèk satengahing ajang, nyebut :

"Malaékat Kiraman Katibin, ayo mangan."

Lajeng njimpit sekul malih, dinèkèk satengahing ajang, nyebut :

"Sadulurku kang maratapa ayo mangan."

Lajeng muluk sekul thok rambah kaping 3, punika pujiné :

"Bis teguh, mil luput, lah ota katon."

Lajeng dhahar, muji punika :

"Bismillahi al rahmani al rahim."

Yèn ngunjuk punika pujiné ;

"Allah alhamdulillahi robbil 'alamin."

Pasucèn yèn adus

Iki pasucèn yèn adus, supaya manther cahyané. Iki pujiné kang winaca :

"Murub-murub Dzatu'llah, metu murub Rasulu'llah, Allah mobah sajroning urip, Allah mosik sajroning rasa, ya rasaning Allah Kang Kuwasa."

Pasucèn toya sahadat mili langgeng

Iki pasucèn toya sahadat mili langgeng, kanggoné yèn adus tangi turu, utawa yèn arep turu. Iki pujiné :

"Tanjebing sampurnané badan, ning sejati tanjebing kulit, ning kempel lungguh ing daging, nuru'llah lungguh ing bebalung pangungsèn khak lungguh ing sungsum."

Pujiné yèn kapegatan tresna

Yèn kapegatan tresna, iki pujiné :

"Sang Teng malang atikel, dosaku sawidak windu, sanapura (ingapura) déning Allah."

Aji yuwana mimis sumingkir

Iki aji yuwana mimis sumingkir, lakuné mutih pitung dina, pati geni sadina sawengi.

Iki ajiné kang winatek :

"Prucut sira sumingkira, sadulurmu Ki Ageng Bakal ana kéné."

Tawa ing geni

Iki aji tawa ing geni, lakuné pasa pitung dina kaya déné pasa gedhé ing sasi Ramadlan, banjur nglowong sadina sawengi.

Iki ajiné kang winatek :

"Ibu Rahman Ibu Rahim."

Ismu akèh paédahé

Iki ismu akèh paédahé, lakuné manas (dhédhé) pitung dina (saben ésuk).

Iki ismuné :

“Allahuma, ya ratu wa-alihi, ajemangin, dzat-ing ratu sipating ratu, apngalu'llahi ing ratu, saréngat imaman ratu, tarékat hakékat makripat yahu ratu.”

Iki uga ismu akèh paédahé, lakuné manas (dhédhé) pitung dina (saben ésuk), yèn bisa api-apia maju pat let sa-asta, dèn enggonii ing tengah. pitung ésuk, tanpa manas.

Iki ismuné :

“Man waliyuppa wadalduna khak, nur jati putih. Sang Langlang buwana hu sadegé, la la la.”

Donga nawaraké lemah sangar kayu angker

Iki dongané kang winaca :

“Bismillahi al rahmani al rahim, kulatu sungsang, rajah iman kekudhungku, Jabarail tetekenku, jungkat Nabi Mukhammad, la ilaha ila‘llah Mukhammad-Rasulu’llah.”

Panawar antup-antupan sakalir

Iki panawar antup-antupan sakalir, lakuné mutih pitung dina, banjur nglowong sadina sawengi, yèn ora kelar mutih kaya ing dhuwur mau, kena mung mutih saben Jum’at baé, antuka pitung Jum’at banjur nglowong sadina sawengi, kasiyaté sabarang antup ora tumama, lan kena dèn anggo nambani wong kena antup sarana ingidonan.

Iki kang winaca :

“Allahuma Sang Kalika ing sabrang, tuwuh ing lautan, tawanen upasé si Ceketit, tawanen upasé si Klabang Kalajengking kabèh, tawi tawa tawar, ketiban iduku putih.”

Mantrané supaya betah luwé

“Ajiku si ceplukan, kedhondhong isiné madu, gurungku salènglèngan dom, ususku sadami aking, set set singset saking karsaning Allah.”

Mantrané supaya betah melèk

*“Biyung, aku njaluk padhang, aku ora duwé, bapakmu sing duwé, byar padhang mencorong saking karsaning Allah.”. **

Mantra supaya padhang atiné

“Ati-ati ketangi aku njaluk padhanging ati, ora ana padhang ati, damar kurung cumanthèl pulunging ati, byar padhang wus olèh padhang ati, saking karsaning Allah.”

Japa nekakaké para dhanyang

Iki padhanyangan, kalawan-ngobong menyan, pasthi padha teka ngréwangi marang sira. Iki japané :

“Allah anurunaken jalma manusa, sato khéwan, jin, parayangan, dhedhemit, peperi, padha atut padha nuruta, turuten saujarku, turuten sakarepku. Allah nurunakén kabèh, turuten, sakarepku, sing lor, sing wétan, sing kidul, sing kulon, tuten saujarku, lamun ora nurut saujarku, ingsun aturaken maring paguronira, ingsun weruh asal kamulanira.”

Donga lamun arep mbedhah alas angker

Iki dongané lamun arep mbedhah alas angker :

“Ajiku Suranggala, sun tujokaken ing pratala butul, aja sing pratala ora butula pinerapat, sun tujokaken ing akasa butul, aja sing akasa ora butula pinerapat, sun tujokaken ing sagara belah, aja sing sagara ora belaha pinerapat, sun tujokaken ing gunung dhungkar, aja sing gunung ora jengkara pinerapat, sun tujokaken ing kayu sigar, aja sing kayu ora sigara pinerapat, sun tujokaken watu kumalasa ajur, aja sing watu kumalasa ora ajura pinerapat, sun tujokaken syaitan karo gandarwo padha wedi asih maring aku, apan aku angaji Suranggala, idhep ajalmu, asalmu, sira ingsun elih ana kana, lamun ora nurut karepku, tak aturaké maring gustimu, sallala’llahu ‘alaihi wasalam.”

Banjur maca Gembalageni maring syaitan kasebut ing ngisor iki

Kanggo mbedhah alas Gembalageni maring syaitan

“Ingsun ngadeg thelengé langit, ingsun ngadeg thelengé bumi, apa tupané thelengé langit bumi? Watu kumalasa, kumalasa padhang terawangan, apa rupané thelengé bumi langit? ambal sadhasaré bumi ambal wéwé lembu liyu, sakathahé ingkang dumadi padha

kèdhep maring aku, aja sing papak sor-ing langit sadhuwuring bumi maning ora kèdhepa anggeguruwa maring aku, sang bumi ambal watu lembu liyu sakathahé upas tan mandi, alas sungil tan tumama déning nggeguru maring aku, lamun ora nggeguru maring aku, pasthi lebur ajur musna ilang, apan tan ana ing raga kumala, sirna déning ujarku."

"Ingsun ngagem cemethi, cemethiku Bagéndha Suléman, sun sabet aken bumi bengkah, sun sabetaken sagara asat, sun sabetaken watu kumalasa bencah, sun sabetaken kayu aking remuk rempu musna ilang déning ujarku."

"Ingkang ngagem pucang sa-uder, musna sun ubeng-ubengaken, jalma mora jalma mati, syaitan mora syaitan mati, sato mora sato mati, jin kafir sing maju, mora mati, sing mundur sirna ilang déning aku."

"Sang dhengen sang sénapati, sang dhengen pajubot, sang dhengen senuk, sang dhengen apus, aja sira wuruk sudi gawé maring aku mapan ingsun idhep ajal kamulanira, sing suksma wurung, wurung saka karsaning Allah."

"Sang Malaékat Janatu'llah, sang Malaékat Aruman, adegku sang aré-aré, sira rewangana olèhku mbedhah alas-alas, ya Allah, la ilaha ila'llah."

"Sang kemadhong wulung, apa sira olèh? Mbedhah alas-alas? Sing mbedhah iya Allah, la ilaha ila'llah Mukhammad Rasulu'llah, salla'llahu 'alaihi wassalam."

"Singgah-singgah kala singgah, suminggaha sing kama sing getih sing kama sing getih sing bahureksa padha sira suminggaha dèn adoh, sang Hyang Ayu ana kéné. La illaha ila'llah Mukhammad Rasulu'llah, salla'llahu 'alaihi wassalam."

"Sang Ampah midadari, midadari Suryakumala tanpa nujah rep sirep sakabèhé karep sirep tanpa karep, salla'llahu 'alaihi wassalam."

Japané ngalihaké dhengen utawa dhanyang utawa lamun arep mbedhah alas

"Sang ratu munékah, bang-bang kamalé, dhengen kemeluwa sira aja wuruk sudi gawé maring anak putuné Nabi Adam, lamun sira wuruk sudi gawé ingsun aturaken maring ratunira, pan ingsun weruh ratunira, lan kowé lungaa saka kéné, anaa kana ing .... iki arep tak-babad tak-wetokaké pekahé, saking karsaning ratu, yèn kowé wuruk sudi gawé utawa ora gelem lunga saka kéné, pesthi tak-lebur sabrayatira. Siti ganggang tawi, tawia gangga banaspati toh : sang langlang jagad, sing ngideri jagad, padha rewang-rewangana

aku, lamun ana kang ngadeg-adeg idegen, yèn ana kang malang-malang pedhoten endasi, poma-poma dèn kelakon, dingelakoni."

Saraté dhuwit dèn gawé tengeran ing antarané prenah kang arep dibabad utawa arep dienggoni.

Donga Aji Pancasona

Iki Dongané Aji Pancasona, lakuné mutih 40 dina, ngebleng pitung dina, pati geni saha mbisu, utamané ora watuk Iki dongané :

"Ajiku Pancasona, ana wiyat jroning bumi, Surya murub ing bantala bumi sap pitu, anelahi sabuwana rahina tan kena wengi, urip tan kenané pati, sun pangawak jagad, mati ora mati, tlenceng geni tanpa kukus, ceng-cleleng, ceng-cleleng, kasangga ibu pertiwi, tangi dhéwé urip dhéwé anèng jagad musthika lananging jaya, empu aku si Pancasona, ratuning wesi sakalir."

Aji patelukaning braja

Iki patelukaning braja, lakuné mutih sakuwaté.

Iki ajiné kang winatek :

"Sala'llahu 'alaihi wassalam. apa ratuning wesi, ireng-irenging mata; apa ratuning waja, putih-putihing mata; apa ratuning pamor, kuning-kuninging mata; apa guruning pucuking braja, ingkang ngadeg satengahing mata, Allahu."

Aji panglereban

Iki aji panglereban, lakuné mutih sakuwaté.

Iki ajiné kang winatek :

"Giri-giri, putra malangaéna, gajah ngamuk tanpa suduk, braja mendhak, brama sirep, rep-si rep, sirep saking karsaning Allah."

Tambané lara untu lan uga ngukuhaké

Iki tambané lara untu lan uga ngukuhaké lakuné mutih pitung dina pitung bengi, nuli pati

geni sadina sawengi, yèn wis bakda nglakoni riyayanè panganan uler-uleran satampah.

Iki japané kang winaca :

"Kyai Sempana aku njaluk tamba lara untu, ora duwé tamba lara untu, iya tambanana, aja copot-copot, yèn ora copot suksmaku, lara wingwang tahan-tahan, iya bita aku bita, gurumua gururèki peksa waras, iya aku japaning uler sebda tuwa. Sang Sri Aputih; ketiban iduku putih, teka adhem teka asrep saking karsaning Allah."

BAB MASAALAH NIKAH BATIN

Iki kawruhana satuhuné bab nikah batin, iku kèhé patang prakara, kapratélakaké ing ngisor iki :

1. Kang sapisan, nikahé lanang lan wadon.
2. Kang kapindho, nikahé kawula lan Gusti.
3. Kang kaping telu, nikahé badan lan nyawa.
4. Kang kaping pat, nikahé Kur'an lan makna.

Pratélané kaya ing ngisor iki :

Nikahé lanang lan wadon.

Ana déné nikahé, lanang lan wadon iku patang prakara saraté, kang dhingin waliné Allah, kapindho ketibé iku Mukhammad, kaping telu sahidé iku loro. Kiraman lan Katibin, kaping pat maskawiné iku johar Rasulu'llah.

Ana déné tegesé lanang iku ruh, tegesé wadon iku jasad, iku wis sah mungguh ing batin.

Nikahé kawula lan Gusti

Ana déné nikahé kawula lan Gusti iku iya patang prakara saraté, kang dhingin waliné Pangéran, kapindho ketibé Ma'rifat, kaping telu sahidé loro, Iman lan Tauhid, kaping pat maskawiné amal salèh.

Nikahé badan lan Nyawa

Ana déné nikahé badan lan nyawa iku iya patang prakara saraté, kang dhingin

waliné Islam tegesé sipat wujud, kapindho sahidé loro, Iman lan Tauhid, iku 'ilmu nur, kaping telu ketibé Ma'rifat, iku suhut, kaping pat maskawiné pracaya, yèn wis ngawruhi kabèh iku dadi wis absah mungguh ing nikah batin.

Nikahé Kur'an lan makna

Ana déné nikahé Kur'an lan makna iku iya patang prakara saraté, kang dhingin waliné iku Khurufé, kapindho ketibé ing Pamacané, kaping telu sahidé loro, iya Naptuné ngisor lan dhuwur, kaping pat maskawiné iku iya Sandhangané, iku dadi absah mungguh ing pamacané Kur'an wong iku.

Ana déné, pakumpulané Kur'an maring Fatikah, lan pakumpulané Fatikah maring. Bismi'llah lan pakumpulané Bismi'llah maring Allah, pakumpulané Allah marang Hu, lan pakumpulané Hu maring Naptu, lah pakumpulané Naptu maring Kabdi 'Ilman tegesé iya angèstokaké ing Allah, lan andadèkaké ing makhluk, iku saking naptuné Alip, iku tumurun maring aksara maryati kang gaib, lan anyipta andadèkaké lapal Bismi'llah, tegesé ija masuk alrahman, tegesé ija mancasi alrahim, ija tegesé kumpulé kabèh Bismi'llahir-rahmanir-rahimi.

BAB MASAALAH ASALE NGAURIP

Ana déné asalé ngaurip iku saking kitab Ma'rifatu'lmani, ing ngisor iki dunungé titipan 16 prakara.

Kang saka Mukhammad : ruh, napas.

Kang saka Malaékat : budi, iman.

Kang saka Pangéran : pangrungu, pangambu, pangucap, paninngal.

Kang saka Biyang : kulit, daging, getih, wulu.

Kang saka Bapa : balung, sungsum, otot, utek.

Iki tegesé lapal kang muni mangkéné : kulusyaun hatikun ilawajahi, mangretiné : kabèh-kabèh padha rusak nanging dzat'llah kang ora rusak.

BAB MASAALAH DHIKIR

Iki bab masaalah dhikir, iku ana nem prakara.

Kang sapisan iku dhikir Suwul arané, tegesé dhikir iya antenging napas.

Kang kapindho iku dhikir Suwul-istilah arané, dhikir iya tegesé anyipta guruné, angadeg ana nétrané alisé.

Kang kaping telu iku dhikir Istilah-ruk-iyat arané, tegesé dhikir iya Ilangé 'ilmuné.

Kang kaping pat iku dhikir Suwul-ngèski arané, tegesé ilangé birahiné.

Kang kaping lima iku dhikir Suwul-ngiskiyah arané, tegesé dhikir iya ilangé liyepé kari lengudé.

Kang kaping nem iku dhikir Nakisbandiyah arané, tegesé iya dhikir ngilangaké kahanan kabèh, iya kari mung wujudu'llah, ing dalem isbat lan ilangé alip, iku dadi lah hu, lan ilangé lam awal, iku dadi lah hu, lan ilangé lam akhir, iku dadi hu, lan ilangé hé, iku dadi ora ana lapalé iya ora ana jamané, ora ana tuduhé, iya ora ana maknané, iya mung kari jumeneng ing dzatu'llah, iya jumeneng kalwan dhéwék.

Ana déné tegesé : ya kun, iku jumenengé dzatu'llah lan tegesé : ya kun dzatu'llah, iya anané dhéwékingsun, iya uripingsun dhéwék, iya pujiningsun dhéwék, iku ammar arané Mukhammad, nun, iya iku arané manusa, iku padha sira nggegurua maring wong kang aran manusa kang ekas.

Kalamun ana wong atakon : Endi Allah? Iya lamun dijawaba kalawan tuduh, iku kapir. Iya déné ingaranan dzatu'llah, iya padha pituduhé ing anané.

Ana déné kalamun dijawaba sarta diaku anané dhéwék, iku dadi kapir kupur. Iya déné talesih kawruhé wong iku dadi slamet iya iku dudu rerasan, kalamun dijawaba kalawan rerasan, iku dadi wong kadariyah, kajabariyah.

Ana déné tegesé wong kajabariyah iku, wong kang ngegungaké maring Allah, iku dadi wong kajabariyah.

Ana déné tegesé kadariyah iku, wong kang ngegungaké maring badané, iku dadi wong kadariyah arané. Iya iku kukum ngadim kasim, ingarah jenengé dhéwék, iku pepethèné urip, iya aja pegat angaras Allah, iku dadi wong wis nyata ing Allah, iya iku kang badan Allah, kang angraga sukma, iya dadi kawula kang sih-sinisihan déning Allah, iku dadi salat tanpa waktu, iya puji tan kena pegat, sahadat tanpa ashadu, iya iku ingkang aran pati seseliran, iku dadi ora ana patiné, ora ana rusaké sukmané, ora ana bosoké, lamun sukmané tumrecep jenengé Maha Suci, ora ana rusaké iku, dadi wis tunggal-tinunggal pandulu ora ana pegaté, angaras Allah, badané wuluné salembar iya dadi puji, lan sakrenteké bandané iya dadi sembah puji, lan turuné amuji, iya muji sadurungé muji, iya dadi daim, salat daim, muji daim, sahadat

daim, iya pati urip daim, badan daim.

Warisa ikamat lubiniyahi anta magsudin. Iki pakumpulané dhikir Nakisbandiyah, iku landhasané asarat osik kang nyata, sarta amepet napas, lan ametokaké maksuding napas, iya ora osik kalawan liyan, pinggiring cangkem, iya wewilangané jasad.

Iku patemoné kawula Gusti ‘ibarat waja	Hu sir rasa ‘ibarat watu
Dhikir ati	La ilaha ila’llahu
Dhikir ruh	Allahu
Dhikir rasa	Hu

Kasebut ing dhuwur iki ‘ibarat patemoné kawula Gusti, iya petemoné warna loro, watu kalawan waja.

Apa déné dhikir : La ilaha ila’llahu, iku dhikir ati.

Apa déné dhikir : Allah hu, iku dhikiring ruh.

Apa déné dhikir : Hu, iku dhikiring rasa, iya sir arané, tegesé élingé dihikir sir iku élingé iya dhikir iku ora ana pegaté.

BAB MASAALAH SAHADAT SAKARAT

Iki kawruhana satemené Sahadat Sakarat, iku yèn ora weruh isih malang-atèni sakaraté, uripé patiné iku kaya kéwan wong iku, lapalé muni kaya ing ngisor iki pratélané :

“Sahadat Sakarat Sajati, iya Sahadat Sakarat, wus gumanang waluya jati sirna éling mulya maring tunggal, waluya jati iya sajatining urip, tunggal sajatining urip, urip sajatining rasa, lan sajatining rasa, lan dzat sajatining dzat pesthi anané langgeng tan kenaning owah, dzat sakarat ruh madhep ati muji maring nyawa, tansah neng dzatu’llah, kurungan mas malesat, éling raga tan rusak suksma mulya Maha Suci.”

Sahadat Paleburan

Ing ngisor iki lapalé Sahadat Paleburan :

“Sahadat Allah, Allah, Allah lebur badan, dadi nyawa, lebur nyawa dadi cahya, lebur

cahya, dadi idlafi, lebur idlafi, dadi rasa, lebur rasa, dadi sirna mulih maring sajati, kari amungguh Allah kéwala kang langgeng tan kena pati.”

Sahadat Sajati

Iki lapalé Sahadat Sajati, ing ngisor iki pratélané :

“Ashadu ananingsun, la ilaha-rupaningsun, ila’llahu-Pangéran ingsun, satuhuné ora ana Pangéran, anging Ingsun, kang badan nyawa kabèh.”

Sahadat Tanpa Ashadu

Iki Sahadat, tanpa ashadu, ing ngisor iki pratélané :

“Sahadat tanpa ashadu, putih kudhuping melathi, Sahadat ananingsun, Mukhammad élingingsun. Pangéran rasaningsun, Allah uripingsun, cipta langgeng lungguh ing puser, ya hu, ya hu, ya hu Allah.”

Sahadat sakarat wiwitané pati

Iki Sahadat sakarat wiwitané pati :

“Sakarat pujiné pati, maksudé napas pamijilé napas, kaketek meneng-meneng, iya aku sing ameneng, pati suksma badan, mulya suksma sampurna, mulih maring dzatu’llah, Allah kang bangsa iman, iman kang bangsa nur, nur kang bangsa Rasulu’llah, iya salat akbar, Mukhammad takbirku, Allah pangucapku, salat jati asembahyang kalawan Allah, ora ana Allah, ora ana Pangéran, amung iku kawula tunggal, kang agung kang kinasihan.”

Sahadat Sakarating Ati

Iki Sahadat Sakarating Ati, ngisor iki pratélané :

“Ashadu ananingsun, anuduhaké marga kang padhang, kang urip tan kenaning pati, mulya tan kawoworan, élingé tan kena lali, iya rasa iya Rasulu’llah, tutuga ‘alam padhang, iya iku hakékating Rasulu’llah, sirna manjing sarira ening, sirna wening tunggal idhep jumeneng langgeng amisésa budiné, angen-angené tansah amadhep ing Pangéran.”

Sahadat Panetep Panatagama

Iki kawruhana, Sahadat Panetep Panatagama, ing ngisor iki :

“Sahadat Panetep Panatagama, kang jumeneng ruh idlafi, kang ana telenging ati, kang

dadi panceré urip, kang dadi lajeré Allah, madhep marang Allah, iku wayanganku ruh Mukhammad, iya iku sajatining manusa, iya iku kang wujud sampurna. Allahuma kun walikun, jukat astana Allah. Pankafatu'llah ya hu Allah, Mukhammad Rasulu'llah."

Sapa-sapa kang andeleng sarta maca, kang supaya dirasakna rasané kang kasengker rasa, aja kandheg uniné baé, poma-poma.

BAB KAHANANING RUH

Bismi'llahi-rrahmani-rrokhimi.

1. Utawi anapun tegesé iman, iku pangandeling ruh.
2. Lan tegesé tokid, iya panunggalé ruh.
3. Lan tegesé ma'rifat, iya paningaling ruh.
4. Lan tegesé kolbu, iya panarimaning ruh.
5. Lan tegesé 'akal, iya pamicaraning ruh.
6. Lan tegesé niyat, iya pakaremaning ruh.
7. Lan tegesé salat, iya adhepé ruh.
8. Lan tegesé sahadat, iya kahananing ruh.

BAB PANUNGGALING IMAN

Utawa anapun panunggaling iman, iku dadi pakumpulaning johar Mukhammad, iku limalas prakara, kaya ing ngisor iki pratélané :

1. Sapisan, imaning iman, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku ananing Allah.
2. Kapindho, imaning tokid, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku panunggalé Allah.
3. Kaping telu, imaning sahadat, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku sifatu'llah.
4. Kaping pat, imaning ma'rifat, tegesé aja sak aja serik,iya sira iku waspadaning Allah.
5. Kaping lima, imaning salat, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku adheping Allah.
6. Kaping nem, imaning urip, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku kauripaning Allah.
7. Kaping pitu imaning takbir, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku kagungané Allah.
8. Kaping wolu, imaning saderah, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku patemoning Allah.
9. Kaping sanga, imaning pati, tegesé aja sak aja serik, sira iku kasucianing Allah.
10. Kaping sepuluh, imaning junud, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku wadhahing Allah.

11. Kaping sawelas, imaning jinabat, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku kawimbuhaning Allah.
12. Kaping rolas, imaning wudlu, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku jenengé Allah.
13. Kaping telulas, imaning kalam, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku pangucapé Allah.
14. Kaping patbelas, imaning ‘akal, tegesé aja sak aja serik, iya sira iku pamicarané Allah.
15. Kaping limalas, imaning nur, tegesé aja sak aja serik, iya sira kudu wujudu’llah, iya iku pakumpulané jagad kabèh, dunya akhirat suwarga naraka, ‘arasj kursi, loh-kalam, bumi langit, manusa jin, ibelis la’nat malaékat, nabi wali mukmin, nyawa kabèh, iku kumpulé ana pucuké jejantung, iya ingaranan ‘alam kiyal, tegesé kang bangsa lahut, iya tegesé angen-angening Pangéran, iku kang agung iya ingaranan ‘alam barjah, iya tegesé pamoré ing gusti kawula, iya ingaranan ‘alam misal, iya tegesé wiwitané ing pangawruh iku iya kasucianing dzat sifat asma af’al, iya ingaranan ‘alam arwah, tegesé pakumpulané nyawa iya kang kaparak sipat kamal jamal.

BAB MASAALAH PATI LAN URIP

Iku kaweruhana satemené bab pati, pati sapisan iya urip pindho, iku padha sira atakona maring guru utawa pandhita, mulané nggegurua maring wong kang wus sampurna ma’rifaté, iku padha dèn wani sumungkem ing guru, lan aja wedi kariyakan lan kaidonan awindon taunan yèn wis oleh wisiking guru dadi tan ana patiné wong iku-

Ana déné sing sapa asih ing guru iya asih ing nabi lan asih ing Allah, sing sapa maido ing guru iya maido ing Allah, lan sing sapa maido tuduhing guru iya maido andikaning Allah lan amaido sabdané dhèwèk, poma-poma ujar iku aja ana metu maring wong liyan, sabab iki ‘ilmu hakékat, iku laranganė nabi wali mukmln, ujar iki ora kena dèn gawé bebantahan.

BAB MASAALAH SAJATINING PATI

Iki kaweruhana satemené bab masaalah sajatining pati, iya endi sajatining pati, lan endi tinemuning pati, lan endi rasaning pati, lan endi awasing pati.

Kang sapisan sajatining pati, iku ora emut ing jiwaragané iya langgeng bungen luluh ajur ora ana kèri, iya maring leburing sih purba ning dzatu’llah, iya sifatu’llah, iya af’alu’llah.

Kang kapindho tinemuning pati, iya saka ing sih karsané wasésaning dzatu’llah, iku

tinemuning pati iya tekaning urip.

Kang kaping telu rasaning pati iku ora sinung mulat maring liyan manèh-manèh, iya anging sukmaning dzatu'llah iya kang anglimputi, iku rasaning pati, lamun ora mangkonoa, dadi kaya kéwan patiné wong iku.

Kang kaping pat nggoning pati, iku ora ana pituduhé, ora arah ora enggon, lan ora ana kuburé, ora ana langité, ora ana buminé, ora ana suwargané, ora ana narakané, iku nggoning pati ing dalem kukumé wasésaning dzatu'llah, iya désa kang langgeng kang salamet, lamun ora mangkonoa, patiné iya siya-siya jasadé wong iku.

Kang kaping lima awasing pati, iku iya : La maujuddalahu, tegesé ora ana kawula iya anging anané dzatu'llah, sifatu'llah, iya af'alu'llah, iya kang urip tan kena pati, iya iku awasing pati, lan aja ana sak aja serik, sing sapa anganggoa iku iya antuk kanugrahaningsun, dadi ora samar maring pati-uripé wong iku, karan weruh ing sarirané iya weruh patiné iku, dadi wus waspada sira ananingsun.

BAB MASAALAH PRATINGKAHING PATI

Iki bab masaalah pratingkahing pati, padha kaweruhana sakabèhé, iya sing sapa wong asih ing pati, iku iya asih ing Pangérané, iya sapatemonan wong iku iya amung iku, ana déné pati iku rong prakara, sawiji pati maknawi, lan kapindho iku pati hakiki.

Tegesé pati maknawi iku mati sajroning urip, mahutu kablah antu mahutu, tegesé matia sira weruha sadurungé sira mati, lan padha ginahuwa mati sajroning urip, tegesé mati sajroning urip, angilangaké : riya, kibir, drengki lan sumengah, sarta ora aningali liyan iya anging Allah balaka tingalé wong iku.

Tegesé pati hakiki iku, pati pecating nyawa, iya kawruhana sing sapa wongé ora angrasa mati iku kang mati salawasé, lamun ana wong angrasa mati iku ora mati salawasé, ana déné kang mati urip iku dudu ruh, lan ruh iku tan kenaning pati, lan jisim iya ora kena pati, tetep asal ing 'alam sahir, iku maring 'alam kabir iya iku akhirat, ana déné napsu iku sipating urip, sarta wong mati iku maring karsaning Allah, iya maring kukumé Allah iku padha ngupayaa.

SAHADAT SAKARATING RUH

Iki sahadat sakarating ruh, padha kaweruhana kabèh, ana déné kaweruhana satemené

sahadat sakarating ruh iku, patang prakara kèhé.

Kang sapisan, tatkalané ruh iku pecat saking jasad Iya tinarik ruh iku lan linirikaké ruh ruh iku maring puser, lan amaca sahadat ruh iku : La ilaha ila'llah Mukhammad-Rasulu'llah.

Mangka nuli pecat manèh ruh iku, lan linirikaké ruh iku maring ati puat, mangka maca sahadat ruh iku : La ilaha ila anta.

Mangka nuli pecat manèh ruh iku maring utek, lan maca sahadat ruh iku : La ilaha ila huwa.

Mangka pecat manèh ruh iku alus, lamun iku ora weruh, ing dedalané pecating ruh, ing dalem sakaraté wong asuwé, lan sakarati wong iku pira-pira larané, uripé sakedhèp netra pangrasané padhané larané sapuluh taun, lamun mangkonoa wong iku dadi kena cobaning sétan, mulané akèh-akèh katingalan, lamun ora weruh dedalané pecating ruh iku dadi asuwé ing dalem sakaraté wong iku.

BAB MASAALAH PADUSANING URIP

Padha kaweruhana satuhuné padusaning urip, iya sawijiné kunir-kuning iya padusaningsun, tunggal-kumbang iya bebuntelingsun, kala-buruti iya patelesaningsun, iya warna sèwu binuntel kadi barambang sabungkul, binucal maring tegal purusan, iya cinucuk maring kaluwat araningsun sang laékamaya iya gegeluningsun sang manikdarmaya iya iku maésaningsun, johar mayiti iya kaluwatingsun, sang retna-dumilah iya masigitingsun, sang marmaya iya paèsaningsun, gumantung datanpa cantèl, jajala iya pambedhahaningsun, kubur iya dedalané malaékat sacakraning gilingan dzat lap, lunga maésaningsun, dhindhing iya araning menga sacakraning gilingan iya dzat lap.

iku poma-poma aja metu maring wong liyan, iku larangan pandhita, iya larangané guru, ujar iku aja ana sembrana, yèn sembrana dadi oleh dosa, lan aja ana agawok ing liyan, wong kang ora weruh aja dèn weruhaké wong iku.

BAB MASAALAH TURUN-TURUNING PATI LAN IYA PELABUHANE PATI

Iki kaweruhana bab masaalah turun-turuning pati, Ian iya palabuhaning pati, iku kaweruhana palabuhané pati iku pitung prakara, yèn ora weruha iku kadi welut sinumpet elèngé patiné wong iku, Ian kaya wedhus binesét kulité uripan rasané sakaraté pati, iya

lamun ora weruha dedalané sakaraté pati, padha kaweruhana pecating nyawa iku : La ilaha ila lahu.

Mangka nuli pecat manèh nyawa iku maring sagara muntahir, sarta amaca sahdat nyawa iku : La yakrilahu, ila lahu, tegesé arep Allah iya anging Allah.

Mangka nuli pecat manèh nyawa iku maring sagara istiggran, sarta amaca sahadat nyawa iku : La yadakurulahu, ilahu, tegesé anebut Allah iya anging Allah.

Mangka nuli pecat manèh nyawa iku : maring sagara istigna, sarta amaca sahadat nyawa iku : Rakdéingalahu, ilalahu, tegesé aningali Allah anging Allah.

Mangka pecat manèh nyawa iku maring sagara pana, sarta amaca sahadat nyawa iku : Ngalimalahu, ilalahu, tegesé weruh Allah iya anging Allah.

Mangka nuli pecat manèh nyawa iku maring sagara tokid, sarta amaca sahadat nyawa iku : Ya hu Allah ya hu Allah, tegesé iya Allah iya anging Allah.

Mangka nuli pecat manèh nyawa iku maring sagara Ma'rifat, sarta amaca sahadat nyawa iku : Huwalahu ilalahu, tegesé iya Allah iya anging Allah.

Mangka iku palèrèhané pitung prakara, lan lawangé iku iya pitu lan sahadaté iya pitung prakara.

BAB MASAALAH LAWANG SESANGA

Iku kaweruhana satuhuné bab, masaalah lawang sesanga, iku kang lima ana ing tengen, kang papat ana ing kiwa, ana déné kang telu iku lawangé nabi wali mukmin, kang loro iku lawang pakareman ing bumi lan pakareman ing kayu, déné lawang kang papat iku lawang panasaran, iya kasasar ing napas.

Ana déné lawangé nabi iku ing embun-embunan, lawangé wali iku ing kaketek, lawangé mukmin iku ing napas, iya iku gedhongé 'ilmu rasa, iku aja ana dèn gawé bebantahan, iki 'ilmu larangané nabi wali mukmin, aja ana sembrana iku gulu urupé.

BAB MASAALAH PALAYARANE ING PATI

Iki kaweruhana satemené saking pangandikané Pangéran Cirebon iku padha kaweruhana ing dalem sajroné lara tumekané pati, lan tegesé napak ing pati, palajarané ing pati iku pitung prakara, kalamun ora weruh palayarané pati, iku kaya wedhus binesèt kulité uripan

iku rasané ing pati, pira-pira larané, ing dalem uripé sakedhèp nétra larané rumasané padha sapuluh taun larané, iku lamun ora dèn kaweruhi pecating nyawa saking jasad, satengah kasebut ing rapal mangkéné : Innalilahi wa ina ila ihi rajingun, tegesé nyawa iku awasna palayarané pitung prakara, lan karana nyawa iku alayar sagara pepitu, lan ‘alam pepitu.

Lan nyawa iku tatkalané pecat saking jasad iku wiwitané saking pagelangané sikil, sikil iku layar sagara pepitu, iku sawiji-wijiné, layaré, tiyangé, kemudhiné, jangkaré, parauné, tegesé layar iku budi, tegesé tiyangé iku iman, tegesé kemudhi iku ati, tegesé jangkar iku ati mujadah, tegesé prau iku badan, tegesé layar iku budi, tegesé angin iku tempuhing napas, iku aja ana kaliru trapé sawiji-wijiné iku, ana déné lawang pepitu iku, kang dhingin lawang mukadas, kapindho lawang upas, kaping telu lawang lepas, kaping pat lawang ‘arasy, kaping lima lawang arih, kaping nenem lawang jumirah, kaping pitu lawang juminten, mangka ginancangaké nyawa iku tatkalané ana pagelangané sikil, sagarané muntahir, lan ‘alamé nasir, pujiné nyawa iku : La yakrifulahu ilalahu.

Nuli pecat manèh nyawa iku maring jejengkuné, lan sagarané istikgrak, lan ‘alamé assin, lan pujiné nyawa iku : La yatdukuru-lahu ilalahu.

Nuli pecat manèh nyawa iku maring kebokong, lan sagarané istikna, ‘alamé nasut, pujiné nyawa iku : Ya hu ilalahu.

Nuli pecat manèh nyawa iku maring puser, sagarané ma’rifat, lan ‘alamé lahut, sarta pujtné nyawa iku : Khak ilalahu.

Mangka pecat manèh nyawa iku maring telak, lan sagarané pana, lan ‘alamé arwah, sarta pujiné nyawa iku : Marnuduk-lah ilalahu.

Mangka pecat manèh nyawa iku marang bait-al-makmur, sagarané tokid, lan ‘alamé palindhungan, sarta pujiné nyawa iku : ……………………

Mangka kaweruhana manèh nyawa iku ing ngendi kang sinedya, yèn ta ana kang sinedya dadi agilang-gilang jasadé wong iku temahané, yèn mangkono nyawa iku dadi akekel ana ing ‘alam kabir temahané, mangka wekasané ujar kang wus kasebut mau iki dunungé, lawang pepitu mau nuli lawang jumanten, lan sagarané kaca, lan sajeroné sagara iku ana telaga sawiji, iya iku enggoné kaluhurané Pangéran, wus kaya sagara jumilah, lan ginantungaké badan duk tininggal déning nyawa, iya agilang-agilang jasaté iku ingaranan bun sapeket, iya tatkalané dinadahan sinandhangan ingaranan laékatbisaka, tatkala dinusun iku ingaranan laékat, tegesé asal putih winangsulaké putih, iya ingaranan bunsamadun, mangka tatkalané tinabiraké iku ingaranan darpinmajid, tatkalané sinèlèhaké ing kubur iya ingaranan aburuku,

tegesé asal peteng iya ingulihaké marang pepeteng, ing nalikané sinèlèhaké ing kubur kang mesthi iya ingaranan abulahu, lan winèwèhana geglu iya iku isarat minangka susuné wong tuwané wadon, lan winéka rerainé iku ingaranan ma'rifatulkafi, lan winèhan iga-iga sarta maésan ngisor lan dhuwur iku minangka tengeré wong-tuwané lanang wadon, lan tatkalané ingurugan iya Iku kidam arané, lan tatkalané tininggal iya iku abulara arané, lan mangkono manèh nyawa iku aningali maring badan, lan gantungingsun-tingali badaningsun dzat-ingsun dzat-dhéwék lan nyawa iki muji : Ya hu rahman, iya urip badan sarta nyawa amawa sahadat : Sahadat sahidana, iya iku sahadat mutawasi'ah arané, mangka angucap nyawa iku: Ya hu hujud ruh nur nurkit, mangka bali manèh nyawa maring embun-embunan, kaweruhana sabeneré kang bali iku patang prakara, sawiji rasa, kapindho budi, kaping telu angen-angen, kaping pat urip, iya iku dadi pangawasané nyawa, ana déné pangawasané ruh iya kamar arané, ana déné tegesé kamar iya kang masuk sira ing badan, ya winadhahan pangrasa sawiji iya sarira, mangkono manèh sawisé bali dadi aduwé pangrasa, tegesé kamar sajati, iya iku bun tambuna, lan bun iku maring nyawa, iya anut maring Pangéraningsun, iya nyawa iku amuji marang badan manèh, sarta maca sahadat mulaawilah : Ashadu ana iya ananingsun, la ilaha iya rupaningsun, ila'llahu iya Pangéraningsun satuhuné ora ana Pangéran, iya anging ingsun, mangka anuli angucap manèh, nyawa amaca sahadat mutaakirah : Ashadu ana la ilaha Mukhammad-Rasulu'llah, Iya anuli ningali padhang awang-awang uwung-uwung.

Sahadat sakarat sajati

Iki kaweruhana mungguh sahadat sakarat sajati, kaya ing ngisor iki sebuté :

Sahadat sakarat sajati iya dzat sakarat, wus gumawang waluya jati, iya sajatiné urip, sirna éling mulya maring tunggal, waluya jati iya sajatiné urip, tunggal sajatiné urip, lan urip iya sajatiné rasa, lan rasa sajatining dzat, iya dzat sajatiné dzat, iya pesthi anané langgeng tan kena owah, iya dzat sakarat iya ruh madhep maring ati, iya amuji maring nyawa tantah nèng dzatu'llah kurungan mas malesat,kéling raga tan kena rusak, suksma mulya maha suci.

BAB MASAALAH JENENGE PATI

Iki kaweruhana satuhuné bab masaalah jenengé pati sawiji-wijiné, kaya ing ngisor iki wijang-wijangané :

Ana déné jenengé pati iku kaya srengéngé, lawangé pati iku kaya tanggal sapisan, wetuning

pati iku kaya sagara banjir, lanjuting pati iku kaya lintang ngalih, bangeting pati iku kaya angin, lunguhing pati iku kaya gunung, kuburé pati iku kaya geni, pugerané pati iku kaya tunggal, belabaré pati iku kaya rambut, tinemuné pati iku iya suka lila, enggoné pati iku eguh, pasrahé pati iku wedi éling.

BAB MASAALAH ANILIK MARANG LARA BANGET.

Iki kaweruhana bab masaalah satemené anilik marang wong lara banget.

Yèn wayah bengi, iku duleken nétrané, yèn wis peteng iya iku wis paek ajalé, lamun isih murub nétrané iya iku ora mati.

Lamun rahina awasana pucuké granané, lamun wis rubuh iku diprayitnanana, iya kuwelen ilaté, lan napasé, iku diimpuna manengen, sarta dunungé iku kaweruhana wedharané sariranira dhéwék, yèn ana rupa abang iku kukusé getihira, yèn ana rupa putih iku kukusé puatira, yèn ana rupa ireng iku kukusé napsunira. iya tegesé ora ana rupa loro lan rupané iku kaya wulan purnama sidik, cahyané nétra iya wetuné sakapepadhané nétra, iya tanpa wiwitan tanpa wekasan, iku sangkané wong anarik napas iya saka keketek, iya ana ora ana, iku aranana mati, kadhegé ana ing maligé iya dhadhanira iku, diprayitna iya sakehé malaékat, lan sakehé nabi wali mukmin, iya Allah, Rasulu'llah, Ian iku kaya sukmané wong kang wis mati awindon taunan, Ian kaya si bapa lan si biyung lan anak putu buyut, guru ratu sarta para putra lan putri, iku diprayitnana, iya ing maligé sangkané iku, mulané ora ilok wing sok amiling-miling dhdhané, gaibé iya mulih maring asalé rasa maning, sakarentekira iku iya marga cahya, déné rupa, iku poma-poma, ujar iku dikapepet, aja ana metu maring wong liyan, iya iku pepingitan.

BAB MASAALAH WONG MATI IKU APANE KANG MATI

Iki kaweruhana satuhuné bab masaalah pitakonan wong mati iku apané kang mati? Iya lamun dijawab kang mati iku iya ruhé, iku ujaré wong salah. Kalamun dijawab kang mati iku jasadé, iku uga ujaré wong salah. Ana déné mungguh sabeneré iku loro, kang sawiji iku napsuné, kapindho iku pancadriyané, tegesé napsu Luwamah, Amarah, Supiyah, Mutmainah, ana déné tegesé pancadriya iku lima, ambu, rasa, paningal, pamiyarsa, cipta.

Ana déné wengkuné pati iku iya papat, lunga, teka, mulih, ilang, ana déné tegesé mulih

ilang iku iya ruhé, tegesé lunga teka iya wewelasé, kang sabeneré tegesé mulih iku jasadé lan tegesé ilang iku sifaté. Lamun tinakonan manèh wong mati iku maring ngendi rohé lan jasadé? Lamun dijawab abali maring dzatu'llah, iku ujaré wong kapir mujaddiyah, lamun dijawab abali marang sipaté, iku ujaré wong kapir palasipah, lamun dijawab abali maring ratuning ruh, iku ujaré wong kasasar, ana déné saka ujaré wong kang ahlu'l-chaku-'lyakin. iku sabeneré bali maring asal kita, saking ngadam iya abali maring ngadam, iya mulih maring wujuding manusa.

BAB RUKUNE PATI URIP

Iki kaweruhana stahuné rukuné Islam, iku dadi rukuné pati urip, iya iku kèhé patang prakara, sawiji Islam, loro iman, telu tokid, papat ma'rifat.

Kang sapisan rewangé pati iku Islam, kang kapindho sanguné pati iku iman, kaping telu beneré pati iku tokid, kaping pat enggoné pati iku ma'rifat

WENGKUNING PATI

Iki kaweruhana wengkuning pati manèh, kèhé patang prakara, mati ilang lunga teka, ana déné mati iku iya napsuné, kang ilang iku sipaté, kang lunga iku ruhé, kang teka iku wewelasé urip, iya sihé urip.

Katerangané wong kang nganggo ‘ilmu iki

Déné patiné wong kang padha, ulah ‘ilmu iki, maksih kandheg ana ing dunya, nanging diganjar swarga dhéwé :

Déné patiné wong kang tanpa ‘limu iku, padha dadi demit kabèh, ana kang dadi kayu watu, ana ing alas lan ing kali-kali, sagara lan ing gunung, utawa manjing sato kéwan.

Ujaré pitutur iki, diapalna aja tan ora, supaya sampurna patiné.

Yèn arep anyatakaké, sapa wis anglakoni pitutur iki, iya kanyatakna, nalika patiné jisimé kadokokna ing dharatan, kalurubana sarta ditunggu, yèn wis olèh pitung dina bukaken, iku wis sirna. Déné yèn dikubur, iya kadhudhuka, pasthi wis sirna jisimé banjur kena diarani wong sampurna patiné, mulané sing nganggo ‘ilmu iki, wis dadi sajatiné manusa.

Déné ‘ilmu iki, dudu manusa kang awèh pitutur, olèhé saka enggoné prihatin, ana sajroning kaluwat.

Yèn wis apal sira banjur angrasulna, sega wuduk iwak lembaran, yèn wis didongani, apeka sega sapiring, iwak jeroan iya iku diganda Gusti Kang Agung.

T I T I